ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№97 (24.067) ● 2020 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 15, щэбэт ● ТхЬэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ К. В. КЪБР-м и Правительствэм хэтхэм ядригъэкІуэкІащ «щытыкІэр къыщапщытэ сыхьэт»

КІуэкІуэ Казбек Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм хэтхэм, къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органхэм я лэжьыгъэм щынэхъыщхьэ дыдэу щытыпхэр къэрал Іэухутхьэбзэхэр и чэзум икІи фІагъ лъагэ иІэу абы къыщІэупщІэхэм яхуэщІэнырэ арауэ зэрыщытыр. Абы елъытащ цІыхухэм я псэуКІэм и фІагъыр зыхуэдэнури, жылагъуэм щыІэну зэпІэзэрытагъри, социально-экономикэ зыужьыныгъэри.

КЪБР-м и министерствэрэ ведомствэу 24-м ящыщу 19-м мы зэманым къэрал Іэухутхьэбзэ лІэужьыгъуэу 200-м нэблагъэ щыізэфІагъэкІ.

Республикэм и УнафэщІым къыхигъэщащ коронавирус узыфэ зэрыщІалэм зыщциубгъуа зэманым къэралым и цІыху куэд щытыкІэ гугъу зэрихуар. Ар къилъытэри, къэралым и Президентым, нэхъапэм апхуэдэ зэи псэмыхъуауэ, унафэ ищІащ цІыхухэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтыным теухуауэ икІи куэд дыдэм ахъшэкІэ зыщІагъэкъуащ. Хухаха мылъкур яІэрыгъэхьэн и лъэныкъуэкІэ Іэухур щыізэблэу къэхъумэ, цІыхухэм абы псалъэмакъышхуэ иращІкІ. Зэрыщыту къапщтэмэ, мы зэманым республикэм щыпсэухэм ящыщу цІыху мин 300 хуэдизым социальнэ ахъшэ хэхахэр яІэрохьэ.

ПЪэІу тхыльхэр нэхъыбэ зэрыхъуам, лжэкІуэхэм къалэн куэдыщэ я пщэ кьыізэрыдэхуам къыхэкІыу а Іуэхур яхуэзкІэлъыныгъэкІуэу щыізэблэу, а Іуэхутхьэбзэхэр и чэзум щыізэфІамыгъэкІ къохъу.

А Іуэхуэхр зэфІыхьэныжкІэ мыбдежым къыщощхьэпэ электрон Іэмалхэр къзбгъэсэбэп зэрыхъур. «Бжыгъэр зи лъабжьэ къэрал унафэ щІыкІэр» лъэпкъ проектыр зэрагъэзащІэм къэрал (муниципальнэ) Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм яхуэщІэн лжэныгъэр къащегъэпсынщІэ, МФЦ-хэм я пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэр нэхъ псынщІэу зэфІагъэкІынымкІэ Іэмал къарет, тхьилъымпІэ зэІэпамыхьу Іуэхур зэфІохьэ икІи ар сэбэп хъунущ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хэгъэхъуэнымкІэ, Іуплъхь зэІэпыхьныр къэмыгъэхъуными-кІэ.

Кьэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр щыуащІэ зыуэ щыт порталым (ЕПГУ) иджыпсту щызэгъэуІуащ а Іуэхутхьэбзэхэр щыхуэхэм яхуэзыщІэ къэрал Іуэхущ-ІапІэхэм ятеуха хъыбархэр, апхуэдэуи абыхэм ятеуха регламентхэр, мардэ хабзэ актхэр къытрадзэ. Республикэм щыпсэухэм Іуэхутхьэбзи 190-м щигъу электроннэ мардэм тету кьрагъэщІэфынущ, абыхэм я Іуэхур зэдыІэсамрэ я лъэІуэхэм кърикІуахэмрэ езыхэр кІэлъыплъыжу. 2017 гъэм кьыщыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр пыщІащ «Мультирегиональность ЕПГУ» федеральнэ проектым. Ар тегъэпсыхьащ Іэмал зэриІэкІэ Іуэхутхьэбзэ нэхъыбэ электроннэ мардэм иту зыуэ щыт сервисхэмкІэ цІыхухэм яхуэзфІэгъэкІыным. 2020 гъэм и щыщхьэуІум и 10-м ирихьэлІэу ЕСИА-м щатхащ республикэм щыщу цІыху мин 674,16-рэ.

Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым къызэриты-мкІэ, КЪБР-м щыпсэуэхэм ящыщу къэрал Іуэхутхьэбзэхэм папщІэ Интернетыр къызыгъэсэбэпхэм я бжыгъэр 2019 гъэм процент 79,3-рэ хуауад. Абы и лъэныкъуэкІэ КИФЩІ-м хыхьэ щыналъэхэм я деж Къэбэрдей-Балъкъэрым бжыгъэр щІыгъщ. КИФЩІ-м ар процент 63,6-рэ, УФ-м - процент 77,6-рэ щыхъуу аращ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм зэІущІэм и кІэм аргуэру зэ къыщыхигъэщащ къэрал муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр цІыхухэм фІыуэ яхуэщІэным, Іэнатіэхэр зэдзууэ зэдзлэжьэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр. ЩІыналъэм и Унафэщым гулъытэ хэха хуищІащ зи ныбжьыр илъэсищым къыщыщІэдзауэ илъэсибл хьухэм хуагъэува ахъшэхэмрэ пэжкъаПІэнщэхэм хухахэмрэ и чэзум тыным пыщІа Іуэхум икІэщыпІэкІэ унафэ тещІыхьын зэрыхуейм.

«Дэ абыкІэ жэуап дохь икІи тхьыни хуейщ. Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъырщ властым хуащІ дзыхьым и кьежьапІэр. Ар лжэкІуэхэр, а Іэнатіэхэм пэрытхэр цІыхухэм гуапэу, зэхэщІыкІ яхэлъу епсэлъылІэн, зыщІэупщІэхэм жэуап пыухыкІэхэр иратын хуейщ. Шэч кьытесхьэрхьым ди цІыхухэм ар зэрызэхахьнум икІи зэрызэхащІыкІынум. Дэ къэрал властым и Іуэхущ Іэкіэ органхэм я лжэкІуэхэм фІыщІэ яхудощІ нобэ я пщэ кьыдэхуэ лжэныгъэшхуэр зэрызэфІагъэкІыфым папщІэ. Ауэ цІыхухэм тэмэму епсэлъэкІэ зымыщІэхэр я Іэнатіэхэм Іугъэкіын хуейщ икІи а Іуэхум кьыщІытебгъэзэжьын щы-Іэкъым», - жиІащ КІуэкІуэ К. В.

Республикэм и Іэтащхьэм апхуэдэуи кьыхигъэщащ КЪБР-м и властым и органым и лжэныгъэм и фІагъымкІэ а Іэнатіэхэм я унафэщІхэм я щхьэкІэ жэуап зэрахьыр.

Зи гугъу ящІ Іуэхуэхр зэпкърахьу зэІущІэм кьыщыпсэлъащ КЪБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министр Рахаев Б. М., Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ кьащхьэщыжьынымкІэ и министр Асанов О. У., республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Сыжажэ Хь. Л. сымэ

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Казбекрэ Мутко Виталийрэ тепсэлъыхьащ цІыхухэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщын и лъэныкъуэкІэ КЪБР-м и Іуэху зыІутым

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ ДОМ.РФ компанием и унафэщІ нэхъыщхьэ Мутко Виталийрэ щыщхьэуІум и 13-м Москва лэжьыгъэ Іуэхукіэ щызэІущІащ.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ ипотекэкІэ нэхъ пуду цІыхухэм унэ къащэхуным хуэунэтІа программэмкэр КЪБР-м гъэзэщІа зэрыщыкъуэ щыкІэм. Псалъэм папщІэ, кьыхагъэщащ 2020 гъэм и щыщылъэм кьыщыщІэдзауэ мэкъуаузгъуэ пщІондэ апхуэдэ щыхуэ лІэужьыгъуэу 253-рэ республикэм зэрыщатар. Ар процент 10-кІэ нэхъыбэщ 2019 гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ. Ахъшэу а Іуэхум хухахар процент І4-кІэ нэхъыбэщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы зэманым жыджэру кьыщагъэсэбэп ипотекэкІэ нэхъ пуду щІыхуэ цІыхухэм етыным хуэгъэза къэрал программэхэм кьрат Іэмалхэр. ЩыщхьэуІум и пэщІэдзэм ирихьэлІэу кьата бжыгъэхэм кьызэрагъэлъагъуэмкІэ, илъэсым и кІуэцІкІэ ахъшащхьэм процент 6,5-рэ фІэкІа щыщхьэщамытыкІыну ипотекэ щхьэкІэ закъыхуэзыгъэза 361-м я лъэІуэхэм хэпльэри, 180-м хуэдизым арэзы техъащ. Бадзэуэгъуэм ирихьэлІэу апхуэдэ щІыхуэ 71-рэ ираташ сабиитІ, нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэм. Сабиищ е нэхъыбэ зиІэ унагъуэхэу ипотекэкІэ унэ кьэзыщэхуахэм япшыныжь щІыхуэм хахьэн папщІэ сом мин 450-рэ етыным хуэунэтІа программэм ипкъ иткІэ сом мелуан 200-р зыхухахахэм яІэрыхьакІэщ. Республикэм и Правительствэр тщІыгъуу дэ иджыпсту дыхоплъэ ДОМ.РФ Банкыр къэдгъэсэбэпу нэхъ пуду унэ къащэхуну Іэмал къезыт щыналъэ ипотекэ программэр едгъэжьынымкІэ щыІэ зэкІэпІэхэм», - жиІащ Мутко Виталий.

Апхуэдэу зэІущІэм и гугъу щащІащ щІэупщІэшхуэ зэриІэм кьыхэкІыу щІыналъэм щхьэзакъуэ уху-нысгъэхэр щегъэкІуэкІыным и Іуэхуми. А Іэнатіэм зегъэужьыным хуэщхьэпэщ иджыри кьэс къамыгъэсэбэпа федеральнэ щІыхэм унэхэр иращІыкІыну хуит зэращІыр.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ ДОМ.РФ компаниемрэ хъарзынэу зэдолажьэ. Ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ компанием ипотекэ программэхэр пхыгъэкІынымрэ псэупІэ уху-нысгъэ Іэнатіэмрэ фІыуэ зэрыхищІыкІым, лжэныгъэ и пІалъэкІи кьыізэрыддэгуашэм. Абыхэм зэтрауху-на лэжьэкІэхэм ящыщ куэд ехьулІэныгъэхэр кьыдэкІуэу ди щІыналъэм кьыщыдгъэсэбэп хъунущ. ДОМ.РФ-м дызэрыдолажьэм и фІыгъэкІэ дэ нэхъ псынщІэу тхуэзфІэгъэкІынущ «ПсэупІэмрэ кьалэ кІуэцІхэмрэ» лъэпкъ проектым кьыщыгъэлъэгъуахэр», - кьыхигъэщхьэхуІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Урысейм и хъумапІэ банкым и унафэщІхэм яІущІащ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щыщхьэуІум и 12-м Іущ Іащ Урысейм и хъумапІэ банк акционер зэгухьэныгъэм и вице-президент - къэрал Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныжкІэ департаментым и унафэщІ Чачин Михаил.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэмрэ Урысейм и хъумапІэ банкымрэ унэтІныгъэщІэхэм дяпэкІи щызэдзэжьэным щытепсэлъыхьащ зэІущІэм. Къапщтэмэ, и гугъу ящІащ туризм Іэнатіэм екъэлІа проектхэр щІыналъэм щыгъэзэщІэным.

Банкым и лІыкІуэхэм республикэм и Іэтащхьэр щыгуазэ ящІащ Іэнатіэ зыбжанэм къапэщытэ къалэнхэр дагъэкІынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ Урысей ахъшэ хъумапІэм дэлэжьэным Къэбэрдей-Балъкъэрым Іэмалыфіхэр къызэрыритынур туризм Іэнатіэм зегъэужьным хуэгъэпса инфраструктурэ проектышхуэхэр республикэм и щІыналъэм щыпхыгъэкІынымкІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм Іулъхьэм пэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэкІэлъыгъэкІуэнымкІэ и комиссэм и зэІущІэ

КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Іулъхьэм пэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэкІэлъыгъэкІуэнымкІэ и комиссэм и зэІущІэр.

АБы хэтащ Правительствэм и Унафэщ Мусуков А. Ті., КЪБР-м кьегъэщІылІа федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Т. Э., хабзэхъумэ Іэнатіэхэм, министерствэ, Іуэхущ Іапі э хэхахэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм щыхэплъащ властым и щІыналъэ органхэм я лжэныгъэм Іулъхьэ зэІэпыхьныр, нэгъуэщІ хабзэнэшагъэхэр кьыщымыгъэхъуным ехьэлІа Іуэхухэм, республикэм щыпсэухэм кьэрал Іуэхутхьэбзэхэр щыхуащІкІэ, коррупцэм гъуэгу имыгъуэтын хуэдэу, бжыгъэр зи лъабжьэ Іэмалхэр къэгъэсэбэпыным.

Республикэм и Унафэщ Іым кьызэриІыпытэмкІэ, бжыгъэр зи лъабжьэ технологиехэмрэ сервисхэмрэ нэхъыбэу къэгъэсэбэпын щыхуейр ар зэрынэхъ псынщІэмрэ зэрынэхъ тыншымрэ я закъуэкъым, атІэ ар Іэмэпсымэ лъэщщ Іулъхьэм упщІэтыныжмкІи, корпуцэм пыщІа Іуэхуэхр гъэмэщІэныжмкІи.

ЗэІущІэр зытеуха Іуэхум и гугъу ящІу абы къыщыпсэлъащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Іулъхьэм пэщІэтынымкІэ и управленэм и унафэщІ Нэгъуей А. А., КЪБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Дыщэкі А. З., КЪБР-м ухэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч А. Хь. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КЪБР-м мэракІуэхэкІыу къыщрахьэлІэм хэхъуащ

Республикэм и мэкъумэш, фермер Іуэхущ Іапі эхэм, бэджэндырылажьэхэм мы гъэм мэракІуэхэкІыу къыщрахьэлІащ тонн минитІым щІигъу. Абы теухуа хъыбар зэбгригъэхащ КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм. Кьулыкъущ Іапі эм зэрыщыжаІамкІэ, ар нэхъабэ кьагъэкІам нэхъ процент 30-кІэ нэхъыбэщ.

ЕХЪУЛІЭНЫГЪЭР кьызыдэкІуауэ кьалъытэр кьэкІыгъэхэр зехьэным технологиещІэхэр кьыщагъэсэбэпу зэрыхуежьарщ.

«Апхуэдэуи мэракІуэхэкІ нэхъыбэ, я фІагъкІи дагъуэ ямыІэу кьэгъэкІыным сэбэп хуэхъуащ хьэсэхэм ткІуэпс зырызурэ псы зэрыщІагъэхьар», - щыжаІащ министерствэм.

Мы зэманым ирихьэлІэу мэракІуэхэкІхэр щагъэкІ губгъуэхэм гектар 350-м тІэкІу щІигъу щаубыду араш республикэм. ЩІыналъэм нэхъ яфІэфІу щащІэ мамкъутыр (малина), мэракІуэр (клубника), щхъыбрыбыр (крыжовник), санэр (смородина), шыгуалдыкъащхьэр (голубика). УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къита бжыгъэхэм кьызэрагъэльагъуэмкІэ, мэракІуэхэкІхэр кьехьэлІэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым кьэралым етхуанэ увыпІэр щиІыгъщ.

● Дыгъуасэ

ХэкІуэдахэр ягу къагъэкІыж

ЩыщхьэуІум и 14-м Куржы-абхъаз зауэр щыщІидза махуэщ. А зауэр кьызэрыхъейрэ илъэс 28-рэ щрикъум Налшык кьалэ Абхъазым и утыкум щызэхуэсащ ди къуэш лъахэм щызэуахэмрэ кьулыкъущІэхэмрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэм Абхъазым и Хэку зауэшхуэм хэкІуэда ди щІалэхэр ягу къагъэкІыжащ, зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ я джэлэс хъуа махуэри зэрызэдгъэлъапІэр жаІащ.

Нобэ, щыщхьэуІум и 15-р, Абхъазым щагъэуващ Зи фІэфІныгъэкІэ абы щызэуахэм я махуэу. Ар Сыхъум Іэтауэ щагъэлъапІэнущ.

Налшык щызэхуэсахэм фэеплъ сыным удз гъэгъахэр тралъхьащ икІи хэкІуэдахэм яхуэщІыгъащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым узыфэр къыщахутэ и къудамэм МРТ аппаратыщІэр щагъэувыну пэшыр ягъэхьэзыр.

ІУЭХУР зэрекІуэкІыр кьипщытащ КЪБР-м узыншагъэр хъумэныжмкІэ и министр Кьалэбатэ Рустам. Министрымрэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Гущэл Людмилэрэ тепсэлъыхьащ зэман гъунэгъухэм кьэрибудэу Іуэхущ Іапі эм игъуэтыну зыужьныныгъэхэм, ахэр кьызэрызэрагъэпэщынум теуха епльыкІэ щхьэхуэхэр кьагъэлъэгъуащ.

Сом мелуан 77-рэ зи уасэ МРТ-р министерствэм кьищэхуащ «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым хэту. ЩІэуэ кьалэрыхьа иджырей медицинэ Іэмэпсымэщ Іэмал кьаритынущ сабий сымаджэщым Іэмал кьаритынущ сабий сымаджэщым узыфэр хэхуэтэмкІэ щрагъэкІуэкІ къэпщытэныгъэхэр нэхъ псынщІэу зэфІагъэкІынымкІи абыхэм я фІагъыр къэІэтынымкІи.

Нэхъапэкіэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым лъэпкъ проектым хэту кьыІэрыхьауэ щытащ компьютер томографрэ нэ узыфэхэм зэрелІэзэ Іэмэпсымэрэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● Узыншагъэ

Іэмэпсымэхэм къахохъуэ



Сирием къикІыжа ди лъэпкъэгъу щІалэхэу Ныбэ Ахъмэтрэ Багъ Басилрэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр тхылъ плъыжькІэ кьаухащ. ЩІалэхэм фи гъуэгу кІыхь хъуну дынывохъуэхъу!

Псы хущхъуэ къыщІэжьпІэхэр зыхуэзэр ягъэбелджылы

Къэрал мыхьэнэ зиІэ, ятІэхэмкІэ щыІэзэ «Налшык» курортымрэ зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я псы хущхъуэ къыщІэжьпІэхэр зыхуэзэ щыпІэхэр къыщыгъэлъэгъуа картэр илъэсым и кІэм ирихьэлІэу хьэзыр хъунущ. Апхуэдэу жиІащ республикэм курортхэмрэ туризмэмкІэ и министр ЩоджэнцІыкіу Мурат зи унафэщІ кьулыкъущІапІэм и коллегиер щекІуэкІым.

«КЪБР-м Курортхэмрэ туризмэмкІэ и министерствэм зэпкърихащ Налшык курортым хыхьэ санаторэ-зыгъэпсэхупІэ Іуэхущ Іапі эхэм республикэм и ятІэхэмрэ псы хущхъуэхэмрэ кьагъэсэбэпныныжмкІэ яІэ Іэмалхэмрэ а лэжьыгъэм фІагъыу кьыдэкІуэмрэ. Мы зэманым министерствэмрэ «Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэ центр» федеральнэ щІэныгъэ центрым» Географие кьэхутэныгъэхэмкІэ и центрымрэ зэгурыІуэныгъэ зэращІылІащ КЪБР-м и псы хущхъуэ кьэхутэныгъэхэр зыхуэзэр убзыхуным, бжыгъэр зи лъабжьэ картэ-схемэ зэхэлъхьэным теухуауэ.Зи гугъу щІы лжэныгъэхэр мы гъэм и кІэм ирихьэлІэу зэфІэдгъэкІыну ди мурадщ», - къыхигъэщащ ЩоджэнцІыкіу.

Апхуэдэуи абы жиІащ, КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек кьалэн кьаззрыщищІам ипкъ иткІэ, щІыналъэм и зыгъэпсэхупІэхэм епха Іуэхущ Іапі эхэм я лжэныгъэр нэхъ тэмэму зэтеухуэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр зэрызэхалъхьар.

«Налшык» зыгъэпсэхупІэр бгы лъапэхэм хуоэз, КЪБР-м и кьалащхьэм щІыуэпс и лъэныкъуэкІэ нэхъ удэзыхьэх и Долинск щІыпІэм хыхьэу. Курортым щагъэхъуэ лъым, псантхэм, кьупщхьэхэмрэ хуэхэмрэ, лъатэм, щІыфэм, нэгъуэщІхэми епха узыфэхэр зыпкърытхэр.

«Налшык» зыгъэпсэхупІэр акционер зэгухьэныгъэ хъуащ 1998 гъэм икІи абы и Іуэхущ Іафэ нэхъыщхьэр цІыхухэм санаторэ-курорт Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр. ЗыгъэпсэхупІэм и администрацэм кьызэритымкІэ, 2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм псори зэхэту сом мелуан 38-рэ кьалэжьащ. Ар илъэс кІуам и апхуэдэ дыдэ пІалъэм елъытауэ сом мелуан 62-кІэ нэхъ мащІэщ. Коронавирус узыфэ зэрыщІалэм дунейм зэрызыщиубгъуам и зэранкІэ зыгъэпсэхупІэхэм я лжэныгъэр кьызэтрагъэувыІэн хуей хъуауэ щытащ 2020 гъэм гъатхэпэм и кІэм кьыщыщІэдзауэ бадзэуэгъуэм ику пщІондэ. Налшык зыгъэпсэхупІэм щыщхьэуІум и 10-м ирихьэлІэу цІыху 477-рэ и хьэщІэщ, «Маяк, «Дружба» санаторэхэм щыІэщ коронавирус узыфэ зэрыщІалэр зыпкърытхэр зыгъэхъужкэу япэ, етІуанэ кьалэ клиникэ сымаджэщхэм я лжэкІуэ 248-рэ.

ДЖАТОКЪУЭ Кьантемыр.

● Жыжьэ - гъунэгъу

КІыщокъуэ Алим и усэ дызыщмыгъуазэр

Дэтхэнэ усакІуэшхуэм и зы тхытеІэми и мыхьэнэр пхужымыІэну инщ. Ауэ илъэс пщІей дэкІауэ абы и Іэдакъэ къыщІэкІар къэбгъуэтыжыныр насыпт тІэущІэщ, ущымыгуфІыкІынкІи Іэмал иІэкъым. Ар нэмытхысыпауэ къыщІэкІынкІи хъунщ, нобэрей тхылъеджэхэм гунэс ящымыхъунри хэлъщ, тхэн щІэзыдзэ дэтхэнэ зы усакІуэ ныбжьыщІэми и ІэдакъэщІэкІ ІэпкІэпсыпи нэгъэса зэрымыхъуми шэч хэлъкъым, абы щхьэкІэ ар бгъэкъуэнщэнри къезэгъыркъым. Апхуэдэу щыт пэтми, тхыгъэ къыкъуэкІыжхэм КІыбгъэІуах, ягъэбелджылы усакІуэр зыгъэпІейтея гурылъ-гурыщІэхэр, гъащІэ екІуэкІыр зэрилъагъур, абы къыщыхьу-щекІуэкІхэм зэрахущытыр.

КУЭД щІауэ гу лъыдмытэу къэгъэзугрыкІуами, ди архивым иджы дыдэ къыщыдгъэтыжащ КІыщокъуэ Алим и зы усэ, «Тарас Шевченкэ» зи фІэщыгъэр. ЗэрыхуэбгъэфощэнкІэ, ар абы щитхар 1938 гъэрщ, зытригъэдзэну и мурадари Украинэм щыщ усакІуэ тельыджэр къызэралъхурэ илъэси 125-рэ щрикъум ирихьэлІэу адыгэбзэкІэ къыдагъэкІыну ягъэхьэзыр тхылъырщ. ПыуухыкІауэ я цІэ къыдмыІуэми, лъэпкъ усакІуэ зыбжанэ елэжьащ абы. Апхуэдэ Іуэхуэм зыхэзгъэмыгъэн ЩоджэнцІыкІу Алим абыхэм яхэтащ. Іэрытхэу архивым къыщІэна тхылъыр щыхьэт зэрытехъуэмкІэ, усакІуэшхуэм зэридзэкІащ Шевченкэ и «Кавказ» поэмэ цІэрыІуэр. Зауэм и зэранкІэ ди деж гъэзытыгъуей щыхъуа а тхылъым хыхьащ КІыщокъуэ А. и усэ зи гугъу тщІыр. Ауэ е Іэщ1эгъупщкІами, е къыхуэмыгъэзытыжами, зауэ нэужь лъэхъэнэм абы къыдигъэкІа «Шум и гъэзгу» и тхылъ цІэрыІуэми, иужькІэ дунейм кьытехьа и тхылъ псоми а усэм уащыхуэзэркъым. Абы и зэранкІэ къыздэсыгъэкІ лъэпкъ тхылъеджэхэр дэнэ хэзна, адыгэ литературэм елэжь щІэныгъэлІ дыдэхэри абы щыгъуазэкъым. Ар хэмыкІуэдэжьыпэмэ, къыздэтдгъанэмэ нэхъ тэмэму къэтлъытэри, къытредгъадзэу лъэпкъ тхылъеджэхэр нэІуасэ хуэтщІмэ, нэхъ кьезэгъыу къыщІэтлъытар аращ. Алим адрей и тхыгъэхэм ар яхэтмэ, ящІыгъымэ нэхъ тфІэкъабылу аращ усэр хъытеддзэным нэхъ дыщІытегушхуар.

Хэку зауэшхуэм и пэ кьихуэу КІыщокъуэм итха усэхэм я нэхъыбэр жыпхъэ пыухыкІам къабзэу игъэзэгъащ. Абы и щапхъэу къэпхъ хъунущ амфибрахие гъэпсыкІэм тету абы и Іэдакъэ къыщІэкІа «Колхоз уэрэд», «Къэрабэ», «Пщыхьэщхьэ шу» усэхэр. Абыхэм къащхьэщыкІыу, «Тарас Шевченкэ» усэр жыпхъэ пыухыкІам иткъым, сатырхэм нэхъыбэу къыщыгъэссбэпар кІэух рифмэщ, зыкъомкэр нэгъэсэпа мыхъуами, сатырхэм яку зэпыщІэныгъэ быдэ щыдэмылъ къохъу, псалъэ зырызкэр щыгугъуІэгъуей щыІэщ. УсакІуэ ныбжьыщІэм и Іэдакъэщкіэкэр зэдэууэ псори зэпэщ зэрыхуэмыщІар бгъэщІагъэ хъунукъым, тхэн щІэзыдзэ псоми а ныкъусаныгъэр ядыболъагъу, ауэ иджыкІэ ди дежкІэ нэхъыщхьэр илъэс пщІей ипэкІэ ди усакІуэшхуэ КІыщокъуэ Алим и Іэдакъэ къыщІэкІа и тхыгъэ лъэпкъ усыгъэм къызэрыхьэжаррщ.

ТАРАС ШЕВЧЕНКЭ

Къохъур зэман, имыщІэу зыми,
Щылыду уафэм и джабэм,
НэгъуэщІ зыбжанэм яхэтми,
Я нэхъ нурыфІэу нэхъыбэм.
КІыфІыгъэм вагъуэу щохутэр,
Абы и нурхэр мымащІэу
Дэтхэнэ щІыпІи щолыд,
Илъэс къэсыхукІэ щІэращІэу
Дахагъэ итым нэмыщІкІэ
Ди щІыгум нурхэр хетыхь.
Пщыхьэщхьэм ар къыщІэкІыхукІэ
Щы кІапэ псори къеплъыхь.
Тарас а вагъуэм, пэжщ, хуэдэт,
И гъащІэр ину хьэлъами,
Народ поэтти, ар гушхуэт.
Пщылу, тутнакъыу щытами,
Сэлэт гугъуэкьхэр телъыным
Уэ бзаджэ гушІэр хихами,
ПыкІакъым зэкІ бэнэным.
Ар, Днепр хуэдэу, макъ лъэщкІэ
Народ насыпым хуэусэт.
Кобзарь иІыгъыр псэлъэхукІэ,
Гугъуехь щІыхубэр къыщыдэт:
«Зэпыфч къарукІэ Іэхъулъэхъуэхр».
И усэ тхылъхэм иджыри
Къару хилъхьаэхр кІуэдакъым.
И уэрэд лъэщхэр, и стиххэри
Имылъу ди гум тлъэкІакъым.
Народым псоми зытІэтри,
Іэхъулъэхъуэу пІащІэхэр ткъутащ,
Ди текІуэныгъэм и ныпри
Дыгъэм пэпщІыпщІуэ уващ.
Зэпхахэу псори зы мурад инкІэ
Зэбынуэ псори дыкъокІыр,
Ди унагъэушхуэм уэ фІыкІэ,
Тарас, уэ ди гум укъокІыр.

ПЭЖ Андемыркъан.

● Хьэршым

Мазэм и ныбжьыр

Германием и Мюнстер къалэм дэт университетым и хэхуэтакІуэхэмрэ Кёльн щыІэ Нэмыцэ аэрокосмос центрым уафэщІхэр джыныкІэ и геофизикхэмрэ математикэ щІэныгъэм и Іэмалыщ1эу къагупсысам иригъуэзэ иужькІэ, Щ1ы Хьурейм къыдзэгъэгурыкІуэ Мазэм и ныбжьыр альандэрэ къыззэралъытэу щытам нэхъыбэ илъэс мелуан 85-кІэ нэхъ мащІэу къыщІрагъэдзыжащ. Абы теухуа тхыгъэ къыщыхьащ Science Advances журналым.

АТІЭМИ, зи гугъу тщІы Іэщ1агъэлІхэм зэхъуэкІыныгъэ гуэри халъхьакъым Мазэм и ХэунэхукІэ хъуам зэреплъу щытам. Нэхъапэхэми хуэдэу, мы зэманми щІэныгъэлІхэр зэрегупсысыр араущи, ди планетэм ещхьу, абы къыдзэгъэгурыкІуэ уафэщІри ткІуаткІуэ щытыкІэм икІыу, жьыпхъэ быдэ иІэу щызэпщІар илъэс меларди 4,51-кІэ узэІебэкІыжмэщ, къыщІынэхуари а лъэхъэнэ жыжьэхэм къыпэгъунэгъуэр хуабжьабгъэшхуэ зэрихьэу хьэршым къыщызыІэтыхьа Тейя уафэщІыр Щ1ы Хьурейм узижагъуэну къыщыжьэхэуа иужькІэщ.

Къэхъуькащ1э шынагъуэм а планетэхэм, ткІуаткІуэ щытыкІэм итрэ кьыщызэщІэплъауэ (магмэ), кьагуигъэхуа къэутахуэ абрагъэхэм уэгум зыщызэрашэлІэжри, нобэм къэсыхукІэ Щ1ы Хьурейм къыдзгъэгурыкІуэу дызыщыгъуазэ ди Мазэр къагъэщІащ. И ныбжьыр щІэрыщІэу къыщапщытэжьым, щІэныгъэлІхэм кьахуэщІхьапащ магмэр ткІуаткІуэ щытыкІэм кьикІыу щызэпщІыжкІэ, и кІуэщІым къыщекІуэкІ Іуэхуэгъуэхэм я уахбжьаГъэр зыхуэдизыр нэхъ гурыІуэгъуэ къащ1ызыщІ математикэм и Іэмалыщ1эу компьютер технологиехэм тещІыхьахэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● 2020 гъэр Фэеплъымрэ Щ1ыхьымрэ я илъэсщ

«ТекІуэныгъэм и диктант»

УФ-м Зыхъумэжныгъэмкіэ, Егъэджэныгъэмкіэ, Щіэныгъэмкіэ и министерствэхэм, Урысей зауэтхыдэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм, «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» зэщІэхьееныгъэм, Ветеранэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм къыхальхьаУэ, илъэс етІуанэ хъуауэ ди къэралым щрагъэкІуэкІ «ТекІуэныгъэм и диктант» дунейпсо акцэр. Мыгъэрей Іуэхур ирагъэхьэлІэ 2020 гъэр Фэеплъымрэ Щ1ыхьымрэ я илъэсу зэрагъэувам. Ар екІуэкІынущ фокІадэм и 3-м.

ДИКТАНТЫР къызэгъэпэщыным щІигъэкІуэкІыным и мурад нэхъыщхьэр ТекІуэныгъэ Ивым и пщІэр жылагъуэм нэхъри къыщыІэтыныщ, совет зауэлІхэм Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лІыгъэм и щапхъэм къыщІэхъуэ щІэблэр щІэпІыкІыныщ, ди къэралым и щхьэхуитныгъэм, ЦІыхубэ мамырыгъэм зи псэр щІэзыптахэм я фэеплъ нэхур хъумэныщ. КъызэгъэпэщакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, мыгъэрей Іуэхум хэтыну гукъыдэж зыщІа цІыхухэм я бжьыгъэр куэдкІэ нэхъыбэщ, нэгъабэрейм епльытмэ (гъэкІуам диктантыр ятхащ цІыху мини 150-м щІигъум). НобэкІэ акцэм хэтыну гукъыдэж зыщІахэр мини 100 щІжанэм нэсащ.

Апхуэдэу хэхъуэнущ диктантыр щатхыну щІыпІэхэм я бжьгъэми. Нэгъабэ апхуэдэ щІыпІэхэм 1373-рэ хъууэ щытамэ, мы гъэм къызэІуахынущ диктантыр щатхыфІыну утыку 7500-рэ. Ахэр кьыщыдзэрагъэпэщынущ цІыху мини 5 нэхърэ мынэхъ мащІэ зыщыпсэу жылэ къэс. Акцэм онлайн щІыкІэм тетуи уэхтыфынущ.

Ди хэкум хьихь щІыпІалъэ псори, апхуэдэу хамэ къэрал 75-рэ (ТекІуэныгъэ Ивыр къызэрахьрэ блэкІа илъэс бжьыгъэм хуэкІуэу) зыхэтыну диктантым упщІэу 25-рэ хэтынущ. Абыхэм ящыщу 5-р щІыналъэхэм я тхыдэм ехьэлІауэ зэхагъэуващ. Лэжьыгъэр зыгъэхьэзырахэм ящыщщ Урысей къэрал гуманитар университетым и Іэщ1агъэлІхэр.

«ТекІуэныгъэм и диктантыр» зытыну хуейхэм я фІэщыгъэ дыдэр зиІэ сайтым зыщ1агъэтх хъунущ. Лэжьыгъэр зыгъэзэщІа дэтхэнэмэ «ТекІуэныгъэм и диктант» электрон дипломыр къыхуагъэхьынущ. Абы щыІекІуахэм я дэфтэрэхэр сэбэп къыхуэхъунущ еджапІэ нэхъыщхьэхэм щ1ыщІэтІысхьэкІэ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Фэеплъ

Апхуэдэт Марие

И ныбжьыр илъэс 82-м иту щ1ыщхьэІуІум (августым) и 7-м дуейм ехьжащ Дей къуажэм къыщалъхуа нэхъыжьыфІ, цІыху щ1ыпкъэ, гуапэ, гумащІэ Хьэмыкъуэ (Сапронович) Марие Ахьмэд и пхъур.

МАРИЕ «зауэм и бынхэр» жыхуаІэхэм ящ1ыщ, и адэр пасэу дунейм ехьжати, и сабиигъуэм щІэгъэжьауэ гугъу ехьу къэтэджат. Бзыльфыгъэ гурыкуэр адежьмэ дихьэхыри, балигъыпІэ щиувэм щІэныгъэ ищхьэу щы зригъэгъэтат. Ар ящыщт Къэбэрдей-Балъкъэр зауэт университетым бзэмрэ литературэмкІэ и кІудамэр къэзыуха япэ гупым. ФэхэкІхэр къыщыщІагъэкІыу Налшык къалэм дэт «Искож» комбинатым ува нэужь абы «бухгалтер» Іэщ1агъэри зригъэгъэтат.

Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрымытами, дапщащи лэжьащ абы хуэфащэн зэфІэкІрэ акъылрэ бгъэдэлъу, цІыху гуащІафІэу, жану. А псом къадэкІуэу ар цІыху пэхт, хабзэшхуэ зыхэлъти, къыздэлэжьахэми, благъэми, Іыхьлыми фІыуэ къалъагъурт, и псалъэм пщІэ ягъэ хуащІырт. Марие бгъэдэлъа фІыгъуэ псори езым къилэжьыжат и цІыху хэтыкІэкІэ, хэлъ пэжагъэмкІэ. Сыт щІыгъуи хущІэкъуащ и инагъуэр, и бынхэр, и къуэрылъхуэр, и шыпхъу бынхэр мыхъуапсэу, зыхуей хуэзэу зэригъэпсэуным. И щІалэгъуэм къыщыщІэдзауэ сыт хуэдэ Іуэхум хуегъэІущ, ауэ щхьэпэм хьдобжэ дапщэщи дохутыр Іэщ1агъэр. Абы пэрыувэ дэтхэнэмэ жэуаплІныгъэ ин яхэлъын зэрыхуейр къагурыІуэ я пщэрылъыр пылъхьэншэу ягъэзэщІэфыну дащ1огуть. Апхуэдэ ныбжьыщІэхэрщ дызыхуэныкъуэри, кьыхаха Іэщ1агъэр ягъэпэжьыфыну тхъэм къыщІигъэкІ.

мыжьами, ар зыхуей хуэзэу, хуэІэкІуэлъакІуэу и кІэм нигъэсыт. Нобэ и бынхэми, и Іыхьлыхэми, и ныбжьэгъуэхэми хуабжьу къыдохьэлъэкІ ди нэхъыжьыфІыр къызэрытхэмытыжыр. Ди Алыхьышхуэм дыхуолъэІу ахърэтым и фІыгъуэр зыбгъэдилъхьахэм ящыщ ищІыну, жэнэтыр унаІэ хуищІыну. Дыхуэарэзыщ.

И бынхэм, Іыхьлы-благъэхэм, ныбжьэгъухэм къабгъэдэкІыу.

● Дызыхуэныкъуэ Іэщ1агъэхэр

Узыншагъэр хъумэн Іуэхум щыхуагъэхьэзыр колледжыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым узыншагъэр хъумэн Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр щагъэхьэзыр и колледжым зэманым декІуу зеужь. 1925 гъэм къыщыщІедзэ еджапІэм и тхыдэм. Абы щыгъэзэм Лениным и цІэр зезыхьэ еджапІэ къалэ цІыкІум хьыхьэу щытауэ араща ар, фельдшерхэмрэ акушерхэмрэ щрагъаджэу. ИтІанэ республикэр дохутырхэм, дохутырым и къуэдзэхэм нэхъыбэу щыхъум, 1932 гъэм Налшык щхьэхуэу техникум къыщыщІэуахат.

ХЭКУ зауэшхуэр къыщыхъеям еджапІэм и етІуанэ къатыр сымаджэщ ящІри, еджакІуэхэри егъэджакІуэхэри зэгъусэу, щхьэкъэІэт ямыІэу, уэрэгъэ хъуахэм щакІэпльпльащ. 1942 гъэм егъэджэныгъэ лжьыгъэр къызэтрагъэувыІэри, 1944 гъэращ и къалэн нэхъыщхьэм щыщІидзэжар. ЕджапІэм и унафэщІхэри, ныбжьыщІэхэри псэемыблэжу яужь итащ еджапІэр зэгъэпэщыжьыным.

Иджыпсту Іэмэпсымэкіи, тхылъкіи, щеджэну пэшкіи, жьпІэнурамэ, зыхуей псомкІи къызэгъэпэщащ еджапІэр. Зыхуагъэхьэзыр Іэщ1агъэхэри куэд мэхъу. Абыхэм ящ1ыщ, псалъэм папщІэ, дохутырым, дзэм елэжь дохутырым я къуэдзэхэр, акушеркэхэр, Іэпэм лъы хэзышу ахэр къэзыпщІтэжхэр.

Щ1эныгъэ хъарзынэ зэрыратым къыдзкІуэу, Іэщ1агъэ зэбгъэгъэуэтын папщІэ абы гугъу зэрызыдебгъахьын хуейр студентхэм къагурызыІаІуэ егъэджакІуэфІ куэд щолажьэ колледжым. ЦІыхум и гъащІэр уи Іэмыщ1эм къыщІихуэм и дежщ жэуапым я нэхъ гугъур щыпхьэ. Мы Іуэхум мытынышм зыщепщІыкІІэ, Іэмал имыІэу гущІэгъуэ, зэхэщІыкІ пхэлъыпхъэщ. Абыхэм ухуэхейкъэ, уи Іэщ1агъэр фІыуэ умыльагъмэ, дохутыр Іэщ1агъэм ухуэдэжми уримыІэжьфынкІи хъунущ.

Іуэху мытынышм, ауэ щхьэпэм хьдобжэ дапщэщи дохутыр Іэщ1агъэр. Абы пэрыувэ дэтхэнэмэ жэуаплІныгъэ ин яхэлъын зэрыхуейр къагурыІуэ я пщэрылъыр пылъхьэншэу ягъэзэщІэфыну дащ1огуть. Апхуэдэ ныбжьыщІэхэрщ дызыхуэныкъуэри, кьыхаха Іэщ1агъэр ягъэпэжьыфыну тхъэм къыщІигъэкІ.

Мы махуэхэм

Щ1ыщхьэІуІум и 15, *щ1эбэт*

♦Урысейм и Археологым и махуэщ
♦Псэущхьэ хьэулейхэм я дунейпсо махуэщ
♦Къъухьлъатэ зэпхърызылъхьэм и махуэщ
♦Тыва Республикэм и махуэщ
♦Индием и щхьэхуитныгъэм и махуэщ
♦1498 гъэм Италием щ1ыщ хыдзэлІкъэхуакІуэ Колумб Христофор зекІуэ ежьауэ къызэдикІухьым Гренадэ хьтІыгур къигуэтащ.
♦1723 гъэм урысей императорхэм гъэмахуэр щагъэкІуэну я уна лъапсэр Петергоф къыщ1эзІуахащ.
♦1795 гъэм Франджым валютэщІэ - франкыр - щ1эзекІуэу хуежьащ.
♦1877 гъэм къэхутакІуэ Эдисон Томас япэ дыдэу къыхилъхьащ телефонкІэ псэлъам трубкэр къытезыхам «Алло!» жиІэу зыхуигъэзэнкІ.
♦1914 гъэм Панамэ псыдзжьыпІэм япэ кхъухьар дэкІащ.
♦1945 гъэм Маршал Жуков Георгий «ТекІуэныгъэ» орденыр етІуанэу иратащ.
♦1956 гъэм СССР-м щату хуежьащ Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр (Сталиным и цІэр зезыхьэу щытам и пІэкІэ).
♦1992 гъэм Азербайджаныр валютэщІэм - манатым - хуэкІуащ.
Франджы дззэешэ, а къэралым и императору щыта **Бонапарт Наполеон** къызэралъхурэ илъэс 251-рэ ирокъу.
Адыгэй усакІуэ, джэгуакІуэ **Теувэж Дзыгъуэ** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.
ШІэрджэсым и япэ егъэджакІуэ, Гуащ1эдэкІ Бэракъ Плъыжь орденыр зыхуагъэфаща **Уэхутэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.
КъэхакІуэ, офицер **КІыщокъуэ Рашид** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.
Фильм куэдым макъамэ яхуэзытха композитор цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист, УФ-м гъэзэджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, СССР-м и
Къэрал гуфІэгъэ зрата **Таривердиев Микаэл** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.
Сурэтыщ1, КъБР-м гъэзэджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Щхьэцэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.
КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Мэкъуауэ Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.
Сурэтыщ1-график, КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщ1 **Горлов Михаил** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
Хьэрычэтыщ1э, «Чесико» фирмэм (Москва) и унафэщІ **Шэрджэс Мухьэрбий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 16 щ1ыхьэнущ.

Щ1ыщхьэІуІум и 16, *тхьэмахуэ*

♦УФ-м и Хьэуа фочым и махуэщ
♦Беларусь Республикэм и Дзэхьэуа къаурхэм я махуэщ
♦Астронавтикэм и дунейпсо академиер къыщыщ1эзрагъэтэща махуэщ.
Швециемрэ къалащхьэ Стокгольм 1960 гъэм щ1ыщхьэІуІум и 16-м щ1эзэхэтащ XI дунейпсо Астронавтикэ конгресс. Абы унафэ къыщащтауэ щ1ытащ а Іуэхущ1апІэр къызэгъэпэщ1ыным теухуауэ.
♦Фошыгъу хэлъу гъэва мамкъутым и махуэщ
♦1896 гъэм Клондайк (Канадэ) щ1ыпІэм дыщэ куэду зэрыщ1ельыр къахутащ. Ар къыщІахьу къуГей ирихьун мурадыр яІэу цІыху миницэ зэрелхьэжьауэ щытауэ къыхощ1ыж тхыдэм. А щ1ыпІэм нэсу дыщэ къэзыгъуэтар миниплІ хуэдиз къудейщ. Адрейхэм къагъэзэжащ е гъэзгум щ1ылІащ.
♦1930 гъэм Дисней Уолт и студием (США) дунейм щ1ыпІэу щ1ытрахащ макъи зыщІэт, щхьэукІэпльыкІуэи ялъ мультфильмыр.
♦1934 гъэм Москва къыщ1эзІуахащ СССР-м и ТхакІуэхэм я япэ съездыр.
♦1939 гъэм «Кабардинка» ансамблым концертхэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм тын щ1ыщ1идзащ.
♦1941 гъэм СССР-м Іэщ1экІэ Зэщ1эуэздэ и Къарурхэм я командование нэхъыщхьэм и Ставкэм унафэ къыдигъэкІащ советыдзэм къулыкъу щ1ызыщІэхэм бийм езыхэми гъэру зратыну, я Іэщ1эри Іэрагъэхьэну Іэмал зэримыІэм теухуа унафэр.
♦1956 гъэм СССР-м унафэ къыщ1ыдзкІащ щ1ыщІэхэр вэным, абыхэм псы зэрыщ1агъэльадэ кІэнауэхэр щ1ыкъуэдиниым теухуа унафэр.
♦1960 гъэм Кипрыр къэралыгъуэ щхьэхуэ - Кипр Республикэ - зэрыхъуар хэІущІыІу ищІащ.
♦1960 гъэм Налшык къыщ1ыщ1эуахащ изобразительнэ гъуэзджэмкІэ музей. Абы республикэм щ1ыщІэрыІуэу щ1ыта сурэтыщ1, егъэджакІуэ Тканенко А. Л. и цІэр зэрехьэ иджыпсту.
♦1965 гъэм Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъхэр хъумэныкІэ и зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.
♦1976 гъэм къару игъэтащ псантхуэм егуэныкІэ хъуну веществохэр къызэрагъэсэбэп щ1ыкІэм кІэлъыплъыным хуэгъэза Конвенцэм.
Адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэрашэ Тембот** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
Композитор, уэрэджьыакІуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цІыхубэ артист **Тхьэбысым Умар** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
Франджым щ1ыщ киноактёр цІэрыІуэ **Ришар Пьер** (и цІэ дыдэр - Пьер Ришар Морис Шарль Леополд Дефей жиІэщ) и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.
Совет хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпион тІэунейр зыхуа **Цыганков Геннадий** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
Дуней псом и кинорежиссёр нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ, зи лэжьыгъэхэм папщІэ саугъэт куэд дыдэ зыхуагъэфэща **Кэмерон Джеймс** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
Америкэм щ1ыщ уэрэджьыакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ **Мадоннэ Чикконе** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 17 щ1ыхьэнущ.

Щ1ыщхьэІуІум и 17, *блыщхьэ*

♦Латвием и ХалащхьэРигэ и махуэщ
♦Индонезие Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ
♦1771 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэм и указкІэ Къэбэрдей цІыхубэм Щ1ытхъу тхылъ къаритащ.
♦1812 гъэм пащтыхь Александр Езанэм урысыдзэм и командующэ нэхъыщхьэу игъэуващ Кутузов Михаил.
♦1903 гъэм Пулитцер Джозеф игъэуващ и цІэр зезыхьэ саугъэт, литературэм, журналистикэм, музыкэм, театрым ехьулІэныгъэшхуэхэр къыщ1ыхьхэм ираты-нащ. Иджыпсту ар саугъэт нэхъ лъапІэхэм щ1ыхабжэ США-м.
♦1928 гъэм Москва къалэм «Динамо» стадионыр къыщ1эзІуахащ.
♦1934 гъэм СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ съездыр зэхэтащ.
♦1961 гъэм СССР-м къыщ1эзрагъэпэщащ граждан зыхъумэжныгъэмкІэ ІэнатІэр.
♦1977 гъэм «Арктика» совет мылъкутэ къхъухыр, зы къэралми апхуэдэ хуэзэфІэмыкІауэ, Щ1ым и Ищхьэрэ полюсым нэсащ.
♦1988 гъэм Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэр къызэрагъэпэщащ.
Дунейпсо гроссмейстер, дунейм шахматымкІи и чемпион **Ботвинник Михаил** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.
Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэшхуэ, Мысырым щ1ыщ адыгэлІ, мамырыгъэр хъумэныкІэ Дунейпсо Ленин саугъэтым и лауреат **Хъалид (Жэмбей) Мутъэдин** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.
Филологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэркъуахъуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.
Урысей актёр, режиссёр, егъэджакІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Табаков Олег** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.
Урысей актёр, режиссёр, сценарист, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Губенкэ Николай** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.
УэрэджьыакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артист **Магомаев Муслим** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.
Америкэм щ1ыщ актёр, режиссёр, продюсер, «Оскар» саугъэтыр зыхуагъэфэща **Роберт де Нирэ** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.
Философие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКЪУ-м и профессор, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик **Абдокъуэ Станислав** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
Тхьэдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Куэш Мырзэбэч** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.
Урысей фигуристкэ, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, Ванкувер (Канадэ) 2010 гъэм щекІуэкІа щ1ымахуэ Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщ1ызыхьа **Домминэ Оксанэ** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 23-рэ, жэщым градус 14 - 15 щ1ыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущ1агъэ:

Нэхъыжь зымыгъэлъапІэр щхьэ лъапІэгъуэ ихуэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ Іуэхущ1апІэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодёжь», «Горянка» газетхэм, «Іуащ1эмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, программмэхэр къызэрагъэпэщ1ыну Къэбэрдей-Балъкъэр телекомпанием, ЩТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Зэльрус» тхылъ тедзапІэм, «КБР-инфо» агентствэм я лэжьакІуэхэр **Уэрдокъуэ Женя Мырзэкъан и пхъум** хуогузавэ абы **и дэлъху Уэрдокъуэ Алиуас Мырзэкъан и къуэр** дунейм зэрехьжам и цІэр зэрехьэ иджыпсту.

♦**1965 гъэм** Урысейм щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъхэр хъумэныкІэ и зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.
♦**1976 гъэм** къару игъэтащ псантхуэм егуэныкІэ хъуну веществохэр къызэрагъэсэбэп щ1ыкІэм кІэлъыплъыным хуэгъэза Конвенцэм.
♦Адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэрашэ Тембот** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.
♦Композитор, уэрэджьыакІуэ, КъБР-м, АР-м, УФ-м я цІыхубэ артист **Тхьэбысым Умар** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.
♦Франджым щ1ыщ киноактёр цІэрыІуэ **Ришар Пьер** (и цІэ дыдэр - Пьер Ришар Морис Шарль Леополд Дефей жиІэщ) и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.
♦Совет хоккеист, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, олимп чемпион тІэунейр зыхуа **Цыганков Геннадий** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.
♦Дуней псом и кинорежиссёр нэхъ лъэщ дыдэхэм хабжэ, зи лэжьыгъэхэм папщІэ саугъэт куэд дыдэ зыхуагъэфэща **Кэмерон Джеймс** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.
♦Америкэм щ1ыщ уэрэджьыакІуэ, актрисэ цІэрыІуэ **Мадоннэ Чикконе** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щ1ыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 17 щ1ыхьэнущ.

Щ1ыщхьэІуІум и 17, *блыщхьэ*

♦**Латвием и ХалащхьэРигэ и махуэщ**
♦**Индонезие Республикэм и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**
♦**1771 гъэм** Екатеринэ ЕтІуанэм и указкІэ Къэбэрдей цІыхубэм Щ1ытхъу тхылъ къаритащ.
♦**1812 гъэм** пащтыхь Александр Езанэм урысыдзэм и командующэ нэхъыщхьэу игъэуващ Кутузов Михаил.
♦**1903 гъэм** Пулитцер Джозеф игъэуващ и цІэр зезыхьэ саугъэт, литературэм, журналистикэм, музыкэм, театрым ехьулІэныгъэшхуэхэр къыщ1ыхьхэм ираты-нащ. Иджыпсту ар саугъэт нэхъ лъапІэхэм щ1ыхабжэ США-м.
♦**1928 гъэм** Москва къалэм «Динамо» стадионыр къыщ1эзІуахащ.
♦**1934 гъэм** СССР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ съездыр зэхэтащ.
♦**1961 гъэм** СССР-м къыщ1эзрагъэпэщащ граждан зыхъумэжныгъэмкІэ ІэнатІэр.
♦**1977 гъэм** «Арктика» совет мылъкутэ къхъухыр, зы къэралми апхуэдэ хуэзэфІэмыкІауэ, Щ1ым и Ищхьэрэ полюсым нэсащ.
♦**1988 гъэм**

Къущхьэ СулътІан и лъэужь хэмыгъуэщэжыр

Къущхьэ Розэ и ныбжьхэр я унэ щІэсыж хабзэщ. Илъэс пщІанэ щхьэдэха цІыхубзыр и закъуэу «Адыгэ псалъэр» зытес епщІанэ къатым къэсын папщІэ, щхьэусыгъуэшхуэ иІэн хуейтэкъэ? Розэ. Абы зэреджэр «къызэрыхъуар зэхамыгъэкІа Іэхущ» - и дэлъху нэхъыщІэр дунейм зэрехьжа щыкІэрщ.

ГъащІэ мащІэр кІэ зымыгъуэт гукъеуэщ

Щоджэнцлыкіу Алий, КІуащ БетІал, Пушкин Александр, Мандельштам Осип, Гарсиа Лоркэ Федерико - а къебджэкІахэм яхэтщ Къущхьэ СулътІан и цІэри. Зи лъэпкъыр къэкІуэну дахэкІэ къэзыІэтыгъуэ а щІыкІ зыгъэрымыкІуэхэм я ГъащІэ гъэгур, нэр зымыгъапІъэ уэздыгъэр зэрагъэункІыфым хуэдэу, Іэ щІыІэ гуэрым эзпичат. Арщхьэкіэ дахэу псэуам и щымыІэныгъэри дахэщ: и ГъащІэм хэлъа купщІэр и лъэужьмы кІыхьэ.

ІтІани, хамэм и дежкІэ апхуэдэ цІыхур цІэрыІуэу тхыдэм хэтхэм яз ми, зи Іыхьлым дежкІэ ГъащІэ мащІэр кІэ зымыгъуэт гукъеуэщ. Аращ Розэ ди редакцэм къыщІэкІуар.

Щхьэ тхылъ фемыджэрэ?

- Ди унагъуэр Псыхуабэ щыпсэууэ щытащ, - игу кьеГъэкІыж Розэ. - СулътІани аращ къыщалъхуар. Сэ еханэ классым сыщІэсу, ди анэр къуажэм щыІэу ирихьэлІати, ар ялэ классым зышъуэз щытар сэращ. ИльэсибгІ хьуа къудейуэ библиотекэм езгъэхтати, абы жэуэр тхылъ цІыкІуэхэр кьыІихьуэрэ, суротхэм елпъэрти иритыжырт. «Апхуэдэу-къым, СулътІан, зэрыпщІынур, кьеджи итыр сэ къызжеІэж», - щыжеІэм, апхуэдэ дыдэу ищІын мурадкІэ ГъащІэр щаухІуэ щытащ. Арати, Сэрмакъ дыкъэІэпхъужакІ, ауэ ди анэшыр Ашэбей дэсти, СулътІан абыхэм я деж ягъакІуэри, етІуанэ классым я кІуэжэм щеджажэ щытащ.

СулътІан илъэс зыбжанэкІэ Псыхуабэ зэрыщыпсэуам и пхъэ гурыІуэгъуэ ещІ ар зэхуэдэу адыгэбзэми урысибзэми хуэшэрыуэу щыщыІар. Щыщ медалыр курыт школыр къыщыІэзыха, еджанІэ нэхъыщхьэ зыбжанэ зэзэпхъэкІыу,Горький Максим и цІэр зезыхъэ Литературэмэ институтым и студентщ. Мис а илъэсыбзэщ сэ зыІэтащ ди дыдэу СулътІан щысцІыхуар.

Мэзкуэ, нэгъуэщІ къалэ-шхуэхэмэ щеджа адыгэ щІалэхэм ящыщу нэхъыфІ дыдэу еджаэуэ, кьыхаха ІэщІагъэм теухуауэ щІэныгъэзэхэрщ, уредохутыр, уреинженер, уретхьдэтх, щІэныгъэ нэхъыщхьэ бгъуэтауэ сыт хуэдэ Іэщ Іагъэ уиІэми, Литинститутым ущІэтІыхьсхэну, ущеджэну ухуейми, япэ курсым къыщыщІэбдзэжьынхуейт. СулътІан Литинститутым щыщІэтІыхьсхьам, шэч хэмылъу, а хабзэм щыгъуэзэти, экзамен итри, япэ курсым хагъэтІысхьат.

Арати, еджэн щІидзэри, махуэ тІощІ-мазэ нэхъыбэ дэмыкІауэ, зы пщыхьэщхьэ гуэрым къызиІуэтыпІаці: институтым и директорым (Серёгин Иван Николаевич икъукІэ цІыху зэтетт, ткІийт, псори фІэлІыкІыу) деж сыкІуэнщ, жиІэри. «Сыт щхьэкІэ?» - соупщІ. «Сэ Налгукъэжьыжхэми, Розэ и псалъэмакъми къыхоущ:

- Етхуанэ классым щІэсу арат си дэлъхур тхылъымпІэмрэ къаухъуреихьыж щыщІадзам. Си нэгу щІэтщ СулътІан жыг лъабжьымэ щІэсу, дафтэрхэр, напэзэгуэтхэр, тхылъхэр Іуащхьэу кьыбГуырылъу. «Фэри щхьэ тхылъ фемыджэрэ? - жиІэурэ кьытщыхьэрт. - Феджэ, тхылъым псори итщ, абы псори фигъэщІэнущ».

Талант зиІэм пэжыр кьрегъэзэгъыф

А зэманым, дауи, тхакІуэми щІэныгъэми пщІэ нэхъ яІэт, нобэ елъытауэ. ИтІани, литературэ лЫхъужьхэм зэрелІаІэм хуэдэу, СулътІан щІэныгъэм и хъуманІэм псори дригъэхьэхыну зэрыхуэфащэ щІэуам, абы и къэзэлъэгъуэкІэм ялІаІэ. «Фаразэ» - Іуэтэжыр зытеуухуар библиотекарь хъыджэбзщ, еджэнымрэ тхылъымрэ игу зэрыхуэкъабзэм кьыхэкІыу, щІалэхэр кьыхуэзощІэу. Ауэ «текІуэр» лъагъуныгъэм и хьэтыркІэ еджэным зезытА Іэщыкъуэ щІалэрщ. Гухэхъуэщ Іэщ гъэхъуныкмрэ тхылъ еджэнымрэ тхакІуэм зэрыІэпищІэ Іэзагъэм укІэлъэпІлъыну: *«Ей-ей, ауан сыкъыщІыну араи сыкъыщІишар, кьехъуІэнкъым», - жысІэщ сигукІи, тхылъыр зытелъ телъхьэпІэмкІэ сыдыхьэри, си Іэхъушэ сахьхьэжа хуэдэ, сыкъэувыІащ».*

НэгъуэщІ псалъэ зэрырдмыгъуэтым кьыхэкІыу, зыгуэрым хуэІэзэ цІыхухэм «зэчиифІэкІэ» доджэ. Ауэ узэрэщрым хэмызагъэ а псалъэ хэлъыкІам зэкІэ кьыхуэгъэльагъуэркъым талант зыбгъэдэлъ цІыхур адрейхэм кьаззрыщхьэщыкІыр. Тхэн Іэхуэкіэ талант зиІэр псалъэр игъэщІэрэщІэным хуэныкъуэкъым, абы фІыр кьрегъэззэгъыф. Литературэ Іэмалкіэ дэ дызэджэ метафорэти зэгъэпэныгъэти жыхуэтІэхэр абы жиІэну зыхуейр кьыІуэтэн щхьэкІэ кьыхуэсэбэпынкІи хъунщ, ауэ мурадыр абыхэм ятещІыхьауэ щыткъым. Бзэр игъэдэхэн къудей щхьэкІэ и жьэ зэщІихыныкъым тхэкІэ зыщІэм. Пэжыр жыпІэныр, заухуатэр букъуэдиныр - аращ талантым фІэхьэлэмэтыр, армыхьумэ, «зэчиифІэу» сытри пхужьІэнущ.

Аращ Къущхьэ СулътІан зытекІуэдэжар. Еджэныр кьызэриухуэу, ар «Советская молодежь» газетым и редактор ящІащ. КъыкІэлъыкІуэ комсомолым и обкомым и етІуанэ секретарэу яГъэуващ. Ирихьэйуэ, СулътІан тхыльымрэ щІэныгъэмрэ хуэпабгъэу, хуэнэхъуеиншэу зэрыщытар и Іэдакъэщ Іэкіэхэми, абы теухуа хъуэпс. СулътІан а псори и Іэзагъэм и Іэужьу, зэрыхуэфащэм зыми шэч кьытримыхьэу кьыІэрыхьат. Гупсысэ куум тещІыхьарэ гушыІэмрэ нэмысымрэ зэи зымыбгынэ СулътІан и Іуэтэжкэм Чехов, О'Генри, Кафкэ уигу кьагъэкІыж. Совет зэманым зэрытеухуам хуэдэу, абыхэм ноби укъеджэну ухуейщ.

Бгъунжу куэд къызоплъ

Розэ игу кьеГъэкІыж:

- Комсомолым и обкомым и етІуанэ секретарэ лажьэу, СулътІан Сочэ санаторэ кІуат. Абы кьыщыкІыжьым, литературэмкІэ екІуэкІа зэпеуэм япэ увыІпэр кьыщцхьауэ кьыщІэкІащ, сом мин 30 саугъэту щІигъуу. ЕтІуанэр Шортан Аскэрбий къихьат - сом мин 15, ещанэр - Щоджэн Амыр-Бай, сом мин 10 хуэзэу. Ар зэрызэхэсыу сегупсыат: «Дауэ иджы абыхэм СулътІан кьыхуащІа апхуэдиз гуІыэтэр зэрашэчынур?» Махуэ бжыгъэ дэкІри, СулътІан жиІэгъат: «Бгъунжу кьыхэзэпІъыр куэд хьуащ. Кьызамытагъащэрэт а япэ саугъэтэр».

Розэ и гукъэкІыжхэм нэпс кьудамэкэр кьыхолъадэ, илъэс тхущІми яхуэмыгъэгъущауэ. Лей кьызытехьа дэтхэнэ псэ кьабзэми кьезагъэ апхуэдэ лъэужь хэмыгъуэщэж.

- 1960 гъэм республикэм и махуэщхэм ирихьэлІэу щІалэгъуалэр Іущхьэмахуэ дэкІыну Іэхуэшхуэ кьрахьэжьат. СулътІани абы тетхьхьын и мураду командировчнэ иныгъуу къэкІуэжащ. «Уей, мамэ, мащэ кІыфым сихуэзу пщІыхьэпІэ сльэгъуамэ, ауэ си хьэдэр кьашэжьыну щытми, сымяІуэу зыкъукъым»...

Къущхьэ СулътІан и лакІэ хуэар нобэми Іупщу зэхэкІакъым. Дэфтэрхэм ар зэриухуар «зи щхьэусыгъуэр нэгъэсауэ зэхэмыкІэ» къэхъуакІэщуэ. Ауэ Іыхьлым дежкІэ ІупщІщ, и щІалэр псым итхьэлауэ кьыжриІа щхьэкІэ, и ешэн и хьэдэ хейр жаІэм и щыхьэту е кьыззэрымыувыр.

- СулътІан комсомолым и обкомым и япэ секретару яГъэувыну хъыбар кьэІуат, - кьыпещэ Розэ и гукъэкІыжхэм. - Абы теухуа унафэр Москва къиутІыщэпха, жаІэрт. Ауэ къулыкъум текІуэдауэ жьыСэркъым сэ ар. И акъылрауэ зытекІуэдэжар. ТхьэмахуээмахуэкІ ар радиом къитырт СулътІан и тхьегъэзэр. Адыгэбзэкіи урысибзэкіи тхэрт. Мамэ тхьэусыхэрт: «Апхуэдэ Іэщ Іагъэ гугъу щхьэ къыхэпха, апхуэдиз пТхын хуейуэ?» - жиІэрти. Ешэн жэуап кьиритырт: «Мамэ, Гоголым куэдрэ кьритхьыІыжьын хуей хъурт и тхыгъэхэр, сэ зэ фІэкІа кьистхьыІыжыркъым». ГушыІэшхуэ хэлът.

Адыгэбзэм дыкІэлъыІэбзуэрэ

СулътІан и гушыІэри и фІэщу иткхэри и Іэдакъэщ Іэкіэхэм апхуэдизкІэ екІуу зэтащ, кьыбжьІэну зыхуейр тыншу кьыбГурегъаІуэ. «Хьэбзаджэр тІысыпІэнэшщ» пьесэр иджыри езыр псэууэ яГъэувауэ щытащ. Абы Островскэр, Шоу Бернард сцІэмэ темыкІытхьыкІэ кьыпфІощ, и сюжетыр нобэрей зэманым зэрыхуэмыкІуэм хуэдэу. Ауэ абы хэт Марэ цІыкІу жиІэхэр нобэ ди щІэныгъэ зэгъэгъэтыкІэм темыхуэу пхужьыІэнкъым:

«ЎпщІэ пыІэ купсэ кІыхьымрэ нэгъуэжь фІыцІэ ямымрэ и мыгъуэсу университет къэбух мыхъуну ара?. Сэ фІыуэ сощІэж вы бжьакъуэм кьыхэщІыкІа нэгъуджэ фІыцІэшхуэр зэрызэмыкІунур. Ар зыІуэмылъхьэмэ, сыткІэ къащІэну университет кьызэрыхуар?»

Розэ гурыфІыгъуэу ятеоуэкІащ кьедгъуэн зыхуэмыгъуэт и Іуэтэжкіэхэрщ. Ауэ ахэри циГу хэзыгъэхъуэн защІэу щыткъым. СулътІан и Іэдакъэщ Іэкі псори кьыдигъэкІыжьын мурадкІэ, ар партым и обкомым и япэ секретару щытта Елисеевым деж кІуэну ежьат, ауэ ... нэсакъым.

Къущхьэ СулътІан и Іэдакъэщ Іэкіэхэм нобэр кьыздэсми яхуэфащэ утыку кьигъэтакъым, тхылъхэри, щІэныгъэхэри, литературэри зимыхамэ куэдым абы и щІэзу зэхэзымыха яхэтщ. Езым теухуа гуэрхэр щытми, абыхэм, мы тхыгъэми ещхьу, нэхъыбэу яхэтыр хуэгъэфащэрэ хэлъэпкІэ нагъыщэрэщ. Нобэ хуэдэу тхылъ тыншу кьыщыдэкІэзэман щымыІами, адыгэ литературэм и хуугъуэфІыгъуэхэм нэгъэсауэ пщІэ зэрыхуэдмыщІыфІыр арэ мыраущ пІэрэ Іэфі кьыщыщІэмихьэр, адыгэбзэм дыкІэлъыІэбзу дыщІибгынэр?..

ЧЭРИМ Марианнэ.
2012 гъэ.

КЪУЩХЬЭ СулътІан

ЩІакІуэ щІагъым

Іуэтэж

Мы гъэм къзэуха школымрэ иджы сызыщыщлажьэ, сызыщалъхуа колхозымрэ теухуауэ газетым статья езгъэхъуа щыта фІэкІа, рассказ е нэгъуэщІ художественнэ произведенэ стхыну зэикІ ручкэ къэсщтакъым. Ауэ нобэ си Іэр кьызэмыдаІуэу тхылъымпІэмкІэ мэзэгъэ... Си гум жеІэр псори кьэсІуэтэн хуейуэ.

Зи ныбжьІагъэ пІащІэм лермонтовскэ шэрджэсыр гум къэзыгъэкІыж Мудар, Линэ, сэ Къуратышхуэ дыкъэкІыжьыт. Іэнкуну сыщытт, зыри жызымыІэу тхъэрыкъуэф тхъэмпэ хуэлам хуэдэу, Мудар лІыжьым щхьэрыгъ уплІэ пыІэ хужьым си нэр тедгъуэу сеІэзырт. Ятэмэ, Линэ зыхэт гуп сыхэхуамэ, Іэнкун сыкъэхьрт, иджы... зыгу дису гъэзгу дытетти, си гурыльыр мыхъуу, гушыІэ зыхэлъ псалъэ Іэфі, псалъэ губзыгъэ жысІэн хуейт, ауэ... схуэзфІэкІыртэкъым.

Мудар зыгуэр жытІэным ежьэу, пасэрей уэрэджьым и макъамэр кьришырт. Ауэрэ зэманыр кІуэрт, дэрикІ дыдымаэуэ дыщысти, Мудар дыкъигъэпсэлъэну мурад ищІащ:

- Эх, фи пІэм ситатэмэ, кьуалэбзу псори кьызыщІэдзэІун уэрэд кьыхэдзэнт. Иджырей щІалэгъуалэм фІыуэ уэрэд жиІэфырыкъым, щІэныгъэм зритащ, - кьыщІидзащ абы.

Мудар и псалъэхэм акъылэгъу сытемыхъуэу, фестивалыр игу кьэзгъэкІыжащ. Дыззэуащ икІи сэ сызытеІуауэ кьысфІэщІырт. Ауэ щІыІэ-щІыІэу кьыпигуфІыкІ Линэ сыщыІупльэкІ ІлыжьыІ арэзы зэрымыхъуар, и фІэщ зэрысхуэмыщІар кьызгурыІуэжырт.

Дыкъызэрежьэрэ сыхьэтиІ дэкІагъэт. Кьуажэм дынэсхьынымэ куэд иІэжу уэс зытелъ кьуэш щыгуэкІэ кьыкъуэжІри, дыгъэ кьухъэпІэ лъэныкъуэмкІэ пшэ гуэрэнхэр кьызэрыкъуэхащ. Кіуэ пэтми нэхъ гъунэгу хьууэрэ, абыхэм кьурушэр щІауэфащ, мыгувэри ди щхьэщІагъэм кьуиващ. Гъэгум сабэ кьыщыхьеящ. Бгы нэкІум мэкъу Іэнэ ильхэм щыщ Іэплі жьым ипхъуатэри уэгум ирихьащ. Хы толъкъуным хуэдэу уэз щхъуантІэхэри жьым зэрихуэрт. Жьы бзаджэм гущІэгъу къажиущІыну ельэІу щыкІэу, удз гъэгъахэм загъэщхьэкІ.

- Ушхьфі къешхынущ, дыяхуей дыдэщ, - жиІащ Мудари, кьыбГъэдэлъ щІащІ. Ауэ щІыІэ-щІыІэу хуеплъыкІ Линэ сыщыІупльэкІ ІлыжьыІ арэзы зэрымыхъуар, и фІэщ зэрысхуэмыщІар кьызгурыІуэжырт.

Дыкъызэрежьэрэ сыхьэтиІ дэкІагъэт. Кьуажэм дынэсхьынымэ куэд иІэжу уэс зытелъ кьуэш щыгуэкІэ кьыкъуэжІри, дыгъэ кьухъэпІэ лъэныкъуэмкІэ пшэ гуэрэнхэр кьызэрыкъуэхащ. Кіуэ пэтми нэхъ гъунэгу хьууэрэ, абыхэм кьурушэр щІауэфащ, мыгувэри ди щхьэщІагъэм кьуиващ. Гъэгум сабэ кьыщыхьеящ. Бгы нэкІум мэкъу Іэнэ ильхэм щыщ Іэплі жьым ипхъуатэри уэгум ирихьащ. Хы толъкъуным хуэдэу уэз щхъуантІэхэри жьым зэрихуэрт. Жьы бзаджэм гущІэгъу къажиущІыну ельэІу щыкІэу, удз гъэгъахэм загъэщхьэкІ.

- Ушхьфі къешхынущ, дыяхуей дыдэщ, - жиІащ Мудари, кьыбГъэдэлъ щІащІ. Ауэ щІыІэ-щІыІэу хуеплъыкІ Линэ сыщыІупльэкІ ІлыжьыІ арэзы зэрымыхъуар, и фІэщ зэрысхуэмыщІар кьызгурыІуэжырт.

- Сэбэпынагъэ иІэкъым, - жэуап ездзыжащ, - гъавэр кьехьэлІэжьын хуейщ.

Мудар губжьа-губжьауэ кьызэплъащ:

- Уэ иджыри умэкъуэмэшыщІэ ныбжьыщІэщ. Ди щІыпІэм гъавэр ІухьыжьынымщІэщІэзэнчъ, нэхъ мащІэ дыдэу кьапщтэжа, махуипщІ хуэдиз иІэжщ. Ушых зыкъом щІауэ кьешхакъым. Нартыхъум, кІэртІефым, сэхуранымэ уэшхэхуэмеІуэ жьыІэн? А къэкІыгъэхэм папщІэ уэшхыр и эмэн дыдэщ. Уэлбанэм иужькІэ гъавэри кьрыраихьэлІэж, нартыхъуми зрыреужь, - жиІащ абы. - Иджы уэшхым сэбэпынагъэу иІэм теухуауэ таурыхъыжь гуэрым кьыщІэдэІу.

ЦІыху Іэпщ Іэлъапщ Іэхэм шитІ зыщІэщІа дыщэ фитон пащтыхьэм ярагъэщІат. Абы налкъуту, налмэсу, мывэ лъапІэжэу хэлъхэм бжьыгъэ яІэтэкъым. Пащтыхьым лІы Іуцу гуэр хьедджэри, иоупщІыр:

- Мы фитоныр дапхуэдиз и уасэн?

Кьызэпиплъыхьщ-нызэпиплъыхьри, лІы Іуущым жэуап кьитащ:

- И уасэнур майм и кІэ уэшхщ.

- Абы майм и кІэм жиІащ, иджы июныр еухьр, - дыщІызгъуащ сэ.

- Умыныкъуакъуэу пхуэшэчынукъым уэ, - кьыжиІащ Линэ. А макъым щІэтт губжьи, жьзымыІэн зэрыжьсІар кьызгурыгъэІуэжащ.

Уэшхым кьыщІимыдзатэмэ, дз аргуэру нэгъуэщІ ІэхуэгъуэщІэм теухуауэ дыззэныкъуэкъуну кьыщІэкІынут. Мудар щІакІуэр кьытхуигъэкІуатэри, езым плащ удзыфэ зыщитІэгъащ.

Уэшх ткІуэпсхэр кІуэ пэтми нэхъ хуабжь, пІащэ хьурт. Гъэгум фІыщІафэ кьыщІэльэдат, удзхэр нэхъ хьэпІэ кьыжьат. Уафэгъуагъуэ макъыр ауэзым апхуэдизкІэ ину кьыдэІукІырти, тпэгъунэгъуу кьурушэм кьыщагъауэ хуэдэт. Ди щыгъунэхэр псыф хуэным щІагъуэ иІэжтэкъым, ауэ Лини сэри щІакІуэр кьатщтэртэкъым.

Уэшхым зэуэ нэхъ хуабжьыж зыкъыщІащ. Ар щІыспльагъум щІакІуэм сепхъуащ, зэкІуэщІисхри Линэ тезубгъащ. Уэшхым и Іэуэлъауэ макъым кьыкъуІыкІу зэхэсхащ Іуэрэтхьэзэм папщІэ абы фІыщІэ кьысхуищІу. Сэри щІакІуэ кІапэмкІэ мащІэу зыщІэзэуфащ. Жьы хуабжь зыщІэт уэшхыр зэпІуртэкъым, кьурушэм кьежжэ псыхьэлыгуэхэр ину Іэуэльауэу кьуэм дэлъадэрт. Сэ ялэкІэ сыплъэрт, ауэ пшэ фІыцІэр гъ бгы нэкІым щхьэщ псыфу тельэщІа удз щхъуантІэхэмрэ фІэкІа зыри сльагъуртэкъым.

Абы хэту Линэ хэтэзджщ, щІакІуэр иІэту, ар ишащІыжри етІысэхыжащ. Линэ сригъусэу щІакІуэ щІагъым сыкъыщІэхутащ. Иджы зы щІыпІэм дежкІэ нэху кьызыпхидзу ар. Линэ и щхьэмрэ и пІлэмрэ пшагъуэм кьыхэщым хуэдэу сльагъурт. Уэшх ткІуэпсхэр щабэ-щабэу щІакІуэм кьытешхэрти, а макъым гурыльыфІ кьишэт.

- Линэ, - еджащ.

Зыри жиІакъым.

- Линэ! - жысІащ аргуэру.

- Сыт? - гупсысэ куум кьыхаша щыкІэу, ар хуэм дыдэу кьэпсэльащ.

- Уэрэд жьІэ! Кьыхэдэз «НэфыщІэр» е «МуІзед».

- Сыт уэ жьІпІэ щІэмыхъур? Уэ макъыфІ уиІи, - жиІащ Линэ. Макъыфі сиІэу жаІэу япэ дыдэу зэхэсхуэ арт, зыхуэсхьынур сщІэркъым.

- Налмык щекІуэкІа фестивалым ягъэкІуар сэракъым, уэращ, - жэуап ещащ.

- СыщыкІэ сыщыІащ, ауэ дапхуэдиз гукъеуэ сиІэу сыкъэкІуэжа. МахуитІкІэ уэлбанэр зэпыуакъым, уэрамым укъыдыхьэ хъуртэкъым. Иджырей праздникым, а зэманым хуэдэу, дунейр уэлбанэу щытыну пІэрэ?

- Праздникым иджыри махуипІі иІэжщ, уэшхыр апщІондэху уяІэжынщ, - жысІащ. Къэбэрдейр езым фІэфІу Россием зэрыгъэрэ илъэс 400 щрикъуэ и щІыкІэ ди республикэм и столицэм щекІуэкІыну ма-хуэшхуэм хэтыну Лини зэрагъакІуэм сригъэфІэрт, ауэ а махуэхэм ар зэрызмылъагъунур, абы сызэрыримыгъусэнур си гум кьехьэлъэкІырт.

Ди псалъэмакъыр зэрызэпыуххэу, Линэ хуэму, макъ кьабзэкІэ «МуІзед» кьыхиздащ. Апхуэдэу уэрэд жьзыІэфынур лъагъунытъэ зиГу лъэІэса хъыщхьэзырщ. Уэрэдым хэтщ «Ди бжэІупэ банэ Іуплъкъым, уэ зэ кьакІуи, кьызэпсалъэ» жыхуиІэ псалъэхэр. А уэрэдыр сэ сыкъхуэгъэзауэ, Линэ и гурыщІэхэр зыкъысхуигъэсу кьысфІэщІащ.

Уэрэдыр ихуащ. Зэрыхъуар сымыщІэу япэкІэ сещІащ, зызгъэщхъри хъыджэбзым и гум и кьеуэ макъыр гъунэгу дыдэу зэхэсхащ. Ар щыбдаужэ си нэкІур кьэпльырт. Линэ си дежкІэ кьещІэу гу лъыстащ.

А зэман дыдэм, кІыфІым дыхэт пэтми, ар зэикІ хуэмыдэу ІупщІу кьэсльэгъуащ: и нэкІукІэ кьамыльфэт, и набдзэ ижьым ищхьэІуэкІэ дыркъуэ мащІэ тельт, и Іупэр балий хьуам хуэдэу, плъыжьт, щхьэцІфыщІэт. Линэ и Іэхэр оубыдащ. ЩІакІуэр зэІуохьу фІыуэ хьэуа жьэдэсщэу, кьурш ауэхэм джэрпэджэжу гуфІэгъуэ макъ кьыщыІужьын хуэдэу, «Э-г-ге-й» жысІэу сыкІиину сигу кьэкІырт. Ауэ, Линэ мащІэу си Іэр икъэзати, зызгъэхьеякъым.

- Сыт нэгъуэщІ фермэм умыкІуэу дыдейм укъыщІэкІуэр, ди фермэм нэхърэ нэхъыфІ колхозым щыІэщ? - кьызэуп-щІащ ар.

- ХэпІпыхь сымыщІу сыкъэкІуащ, - есгъажащ жэуап, нэгъуэщІ псалъэхэр си Іупэ кьэса пэтми.

- Сэ етІуанэ фермэм сагъэкІуэну я мурадщ. Налшык сыкъызэрикІыжу абы сыунэтІынущ, - жиІащ Лини, кьэнэщхьеящ.

- Арэзы утемыхьэ, - сыпІащІу скъэзащ абы и Іэр.

- Сеплъынщ, сымыкІуэнкІи хъунщ. Уэшхыр и мамым гъэгу кьэтІэтІам ирикІуэ выхэм я лъакъуэр зэрарущІымрэ гу зэрхьэкъам пальж псым и Іэуэльауэ макъымрэ кьыхэІукІырт. Гур хэпщІыкІ кьудейуэ хьейуэ арт.

Адэкіэ тхуэмышэчу щІакІуэр зытеддзащ, итІанэ ди вакъэхэр ІыытхэрІ, гум дыкъелъащ. Япэ щІыкІэ щІалэ щІыкІуэм хуэдэу, псым лъакъэжІэ дыхэуэурэ, Гъэгум дытету дежьащ, иужькІэ удзыпцІэм дыхэлъадэрт, дыдыкъэшхыурэ удзыпсэр эздутхэу, удз гъэгъа кьитчу щІэздзащ.

Мудар кьыдэпльри, и щхьэр игъэсысащ. Уэшхыр нэхъ хуабжьыж хъурт, ауэ гум дитІысхьжыну дыпІащІэртэкъым. Линэ и нэгу нурыр кьызыщІихьи сипльэрэз, сегупсысырт: «Сыткіэ абы фІыуэ сыкъэлъагъун? - жысІэу. - Школым сыщыщІэсым си ныбжьэгъуэхэр «Кьаркэкіэ» кьызэдзэу щытащ, си щхьэщІэр пыжьей чыцэм ещхьыу, дауэгъуэйщ, зэкхэзрыхьащ. Си пэр кьызэрыгуэкІщ, дэтхэнэ зы бгырысым ейм хуэдэщ: пэкъурш кІыхьщ».

Гъэгуанэ псор мыпхуэдэу псым сыхэуэурэ, Линэ сеплъу скІунт, ауэ жьым зиъуэжьри, ди гупэмкІэ кьеуэу, ткІуэпс пІащэхэр кьыттрикІутэу щІидзащ. Гум дыльэщІыхьэжри дитІысхьащ. Линэ бэлъ-токуиІэ сакъыу си напэр ильащІащ. Абы и Іэр апхуэдэу гуапэу зэикІ кьызэІуСэтэкъым, хъыджэбз гумащІагъэр зищІысыр сэ а дакъикъэрщ кьыщысщІар.

Уэшхыр нэхъ хуабжьыж щыхъум, дэ щІакІуэр зытедубгъэщащ.

- Сыт уэ еджакІуэ ущІэмыкІуэр? Налшык университет кьыщыщІэзІуахащ, абы мэкъумэшхозяйственнэ факультет иІэщ. А Іэхэгугъуэм зептыну уи мурадати, - кьызэуп-щІащ Линэ.

- Директорымрэ си адэмрэ япэщІыкІэ сыІэжьыну чэнджэщэгъу кьыскухэуащ. Абы кьыдэкІуэри фермэм сыщыІэжьэну сфІэфІщ. Кьущхьэхъур фІыуэ сольагъу.

Фермэм сыкІуэн хуей щІэхъуар тэмэм дыдэу жысІакъым. Ар кьызыхэкІар фермэм дыдэІэпкъыну, боевой листокхэр кьыщыщдзгъэкІыну, газетхэм дыкъыщеджэу, концертхэр щытту, шкІэхэм дакІэлъыплъу, Линэ хуэдэр сыІуІэну зэрыщытарщ. Линэ жэмыш нэхъыфІ дыдэт, фермэм кьыщыдзкІ блын газетым и редакторт, гъуэззэжэу уэрэд жиІэрт. Ар ди классым щІэкІыну нэгъабэ фермэм кІуаэу арт: и анэм дэІэпыкъун хуейт. Ар щыпсэур тпэжьжьэтэкъым. Абы кьыхэкІыу киномы школми зэгъуэсу кьэдрэ дыкІуэрт. Мис иджы Линэ праздникым макІуэр, - сэ выпускной вечерым.

- Сэри епщІанэ классыр кьэзухыу заочнэу институтым сыщІэтІысхьэну си мурадщ. Уэрэй Емэмэ жэмышу лажьэурэ заочнэу еджэн хуэзфІокІыр, - жиІащ Линэ, хэгупсысыхьурэ.

- Гугъу уехьынщ.

- Дауэ хъыми, пльагъункъэ, Іэмал имыІэу сыщІэтІысхьэнщ.

Абы иужькІэ куэдрэ дызэпсэльащ, гур кьыщыуВыІари кьэтщІакъым. ЩІакІуэм дыкъыщІэпльащ, ауэ дунейр кІыфІти, зыри кьэтльэгъуакъым. Мудар гум исыжтэкъым, ар гъуэгум лъыхъэну ежьат. Ауэ мыгувэу абы и лъэ макъ зэхэтхащ. КІыфІым хэту ар гъуэгу щылъыхъуэм, сэ щІакІуэ степхъуауэ гум сызэрисар кьыщыщІэжьым сыкъэукІытащ.

- Сэ япэ сиувэнщ, - жысІэри сыкъэтэджащ.

- Уэлбанэр пщэдджьжь пщІондэ зэпыуакъым, мыбдеж нэху щыдгъэщынщ, - кьитащ жэуап Мудар.

Гъэгум дытекІри, вьхэр щІэтІтыкІащ. Тпэмыжьжьэу къуэкІийм псыр щыгуаэхъуэрт, бгы джабэм кьежэх псыхьэлъгъуэхэр абы и макъым щІэжьыуэрт. Гум хуит-хуиту дитІысхьри, щІакІуэр зытедубгъуэжащ. Линэ зигъэхьеящ. Хъыджэбзыр Іэхуитльэхуиту зэрымытІысам гу лъыстэри, Линэ и щхьэр си дамащхьэм кьытезгъэщІащ. Ар кьыхэущІыкІащ, итІанэ дзыхь кьыскуищІу зыкъыстригъащІэри зиущэхужащ. Сэ зызгъэхьейртэкъым, абы зэран сыхуэмыхьыну сыхэтт. Ауэ Линэ куэдрэ жеякъым.

Нэхущым дыкъэушащ. Ди гум Балькъ лъэныкъуэмкІэ иунэтІащ. Шоссер жьжьжэтхьам. Мафэр кьабзэ дыдэт. Дыгъэр кьыщІэкІыным зыкъом иІэжт. Уафэ кьащхьэр хуэмурэ нэхъ хужьыфэ хъурт, ватуэхэр кІуасэхэрт. ЗызытхьащІа кьуршхэмрэ удэхэмрэ уэлбанэ жащым иужькІэ хуиту загъэпсэхурт. Дунейм махуэ бзыгъэм ІущІэну зыхуиГэхьэзэщІырырт.

● Псалъэжьхэр

Акъыл зиІэм имыІэ щыІэкъым

♦Бжьэ зыдэсым фо дещІэ.
♦Зым и мыгъуэ зым и махуэщ.
♦Зыхуащ1э нэхъ р э - зыщІэф.
♦Бзум и лым хуэдэщ и лэпсри.
♦Дзэм хамэ хэткъым.
♦Іуэху мыублэ блэ хэсщ.
♦ЛІым я нэхъ мыгъуэм Іуэхугъуибгъу зэпеч.
♦Зы гъэр тІэу къакІуэркъым.
♦Ер вы бжьакъуэм къокІ.
♦Бжьыхьэ бейщ.
♦Іуэху пщІыр Іуэху мэхъу.
♦Бэурэ пэт абгъуэ ещІ.
♦Емынэрэ пэт зэрыхьэм зыгуэр къренэ.
♦Зи Іэгу нэщІым и нэгу щІыІэщ.
♦Пщы зи щыплъагъум тхъэ щохъу.
♦Шэм зэхэгъэж ищІыркъым.
♦Акъыл зиІэм имыІэ щыІэкъым.
♦Бжэн щынэ къилъхуркъым.
♦Гур зыхуеІэм Іэр лоІэс.
♦Бзаджэ уи пашэмэ, бзаджэ ухуешэ.
♦ЕмыкІур екІу мэхъури, екІур емыкІу мэхъу.
♦ЖаІэр къос, ясэр къокІ.
♦Зы мэлыфэ тІэу трахыркъым.
♦Мардэ зимыІэ щыІэкъым.
♦Нэм и узыр нахуэщи, гум и узыр щэхущ.
♦Псыпэр зэрыжэм псыкІэри ирожэ.
♦Ныбэрэ бынкІэ псори зэхуэдэщ.

● Дыщалъхуа щІыналъэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ дахэхэм ящыщщ Былым къуажэм дэт гуэл щхъуантІэ дахэр. Абы зэреджэр Гижитщ. Ар гъэмахуи щІымахуи зи дахагъ зиІэж гуэлщ. Щыхуабэм деж и хъуреягъыр зэщІэгъэгъарэ удз щхъуантІэ дахэхэм къаухъуреихьу апхуэдэщ. ЩІымахуэм псыр зэщІощтхъэри, Байкалым ещхь мэхъу. Гуэл щхъэщыщтыкІар къэча нэужь, сурэтыщІ Іэзэ гуэрым и Іэдакъэщ1экІ хуэдэ уІуоплъэ.

● Чэнджэщхэр

Бын зэрыІыгъыр ищІыкІыгъуейщ

●Анэр зыгъэгуфІэм гуфІэ лей хуэфащэщ.
●Напэрэ узыншагъэрэ зэрахъумэр зэпыу имыІэущ.
●Бын зэрыІыгъыр ищІыкІыгъуейщ.
●Уи къуэш лъэпэрапэмэ, и фэбжь уэри къыплъэІэсынщ.
●Лъэпкъыфі и бын зеинщэ хъуркъым.
●Адэ хуэмыщІам деж бын пэтрэ кІуэрейкъым.
●Мылъкум и пщІэр и зехьэкІэм елъытащ.
●Лъэпкъыр зэрыІыгъмэ, и мурадыр къохъулІэ.

ГУБЭЩІЫКІ Владимир.

● Шхыныгъуэхэр

ТхьэкІумэкІыхьыл гъэбэкхъа

Тхьэкіумэкіыхьыл гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэуэрэ зэпаудэ, псы щІыІэкІэ ятхьащІ, бжьныхьу, шыгъу, шыбжий кІалъхьэ, фІыуэ зэІащІэ. ИтІанэ лы Іыхьэхэр тхъу къэплъа зэрыт тебэм иралъхьэри, лъэныкъуитІымкІи тхъуэплъ хьуху ягъажьэ. Тебэм кърахьыжри, шыуаным иралъхьэ, абы халъхьэ ІупщІэ инурэ упщІэта бжьныщхьэ, псывэ щІакІэ. И щхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, мафІэр цІыкІу ящІри, дакъикъи 10-15 хуэдизкІэ ягъавз. Абы иужькІэ лым шатэ щІакІэ, бжьныхьу-шыгъу халъхьэ, зэІащІэри, шыуаныщхьэр тепІауэ хьэзыр хьуху, дакъикъэ зытхухкІэ, ягъэбэкхъ. Шыуанар хьэкум къытрахьыж, джэдгын траудзэри, шыуаныщхьэр тепІауэ дакъикъи 4-5-кІэ щагъэт. ЗэрызэщІэлъу, пщтыру Іэнэм трагъэувэ. Дашх пІастэ, мырамысэ, чыржын, мэжаджэ.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): тхьэкІумэкІыхьылу - грамм 300, лэпсу е псывзу - грамм 25-рэ, шатэу - грамм 50, бжьныщхьэу - грамми 100, бжьныхьу укъэбзауэ - грамм 15, тхъуэу - грамми 100, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Тхъурэ форэ зэхэгъэшыпсыхьауэ

Мы шхыныгъуэ-хущхъуэгъуэр хуэбжьу сэбэпшхуэ яхуохъу зи тхьэмщІыгъу, шхалъэ уэхэм, зи давленэр ехуэхахэм, зи бгъэм щІыІэ хыхьахэм, Іупс бзаджэ зиІэхэм. Фом халъхьэр тхъу гъэвжэгъащІэщ. Тхъур кІэструлым иралъхьэ, хьэкум трагъэувэри, ягъэткІу. ЗэлащІэурэ абы фо хакІэри, фІыуэ зэхагъэзэрыхь. Къытрахьжа нэужь абдж е кхъуэщІ шынакъым иракІэри, и щхьэр тепІауэ щІыІапІэ-кІыфІыпІэм ягъэув. ЗэмыкІуэкІыу куэдрэ щытщ. Щашхынм и дежь зыхуейм хуэдиз хъущхьэщахри ягъэхуэбжж. Мырамысэ хуабэм и кум илъу яшх е шэ гъэпщтам традзэри, шхэн и пэ къихуэу ираф.

Халъхьэхэр: фоуэ - грамм 1000, тхъу гъэвжэгъащІэу - грамм 1000.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Фэ фщІэрэ?

Шыр лъэрызехьэ зэращІыр

Шыщхьэуіу маздэм зекІуэ ежьэнухэм я шыр бжьыхьэ зекІуэм хуагъэхьэзыру щытащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, бо кІыфІым щІэту шыхэр ягъашхэрт, пщыхьэщхьэ жьауэм и деж хъыщІашурэ зрагъэуку ъудийрт, тельэщІыхьырт, ягъэпскІырт.

Апхуэдэурэ махуэ тІощІ нэсыхукІэ ягъэшха шым лы зытрилъхьа иужькІэ мащІэ-мащІэурэ къагъажьэ, псы къежэхым хагъэтт, жэрыгъэ кІыхькІи ягъэунэхуурэ шыр зэхуэфІ ящІырт.

Си бзэм сыхуоусэ

Си бзэр насыпышхуэщ,
Ижь-ижьыж бзэщІэжщ.
Хэкущ, жьэгу пащхьэщ, хышхуэщ,
Хабзэ зэтещІэжщ.
Ар си адэ-анэщ,
Си къэрэгъул бжьыхьщ.
Тхыдэщ, гъуэгущ, гъуэгуанэщ,
Си насыпырыхьщ.
Си бзэр ущиякІуэщ,
Лъэпкъым и узчылщ.
Ар ди узэщІакІуэщ,
Ди хьэл-щэнщ, акъылщ,
Прозэщ ар, поэзиещ,
Лъэпкъ мыгъэкІуэдыжщ,
Ем фІыр щызыхъумэу
Зи Іэфі щымысхьыжщ.
Си бзэр псэущ, псэунущ,
ПлъапІэм Тхьэр итыху!

Зы адыги псэкІэ
Бауэу щІым тетыху!..

Си лъэпкъ

Къуатакъым зэи
Зыуэзащ1ыпІэ.
Гугъуехь зи натІэу
Си лъэпкъыжь.
Ущикъухьам
Хамэ щІыпІэ,
Щхьэхуитыныгъэм
И лІыхъужь!
Сыхэтщ уи гуауэ-гузэвэгъуэм,
Жейм сыщцыхэткІи
СыроІуэщхъу.
Бжьыбжьыжу ноби
Птелъ уІэгъэр
Къызэрозауэр
Си фІэщ мэхъу.

Зи лъапсэр
Сахуэм къыхэнауэ
Лейм и лежьыр
Зылъыса,
Ем щхьэусыгъуэ
Къигъуэтауэ,
Зэщ1егъэстыжри
Нобэ гуэрым
Зэгуэр - уэ мафІэ
Узысар.
Хьрелъ лІыгъищи
Зы къуэпсщІэжым,
Нэхъ лъэщым
Дауэ пэлъэщын?..
Адыгэ тІэкІур
ХэкІуэдэжмэ,
КъысфІощІ
Дунейри къутэжын.

АФІЭУНЭ Лиуан.

● Хабзэм щыщ

Адыгэхэм я щэкІуэкІэр

Адыгэхэм сыт зэмани хабзэфІу яІащ я щІэблэр лэжьыгъэм щІэпІыкІыныр. Ди лъэпкъым хуэдекІуэкІ лэжьэкІэхэм хьхьэрт гъукІэныр, бжьахъуэныр, щэкІуэныр, бдзэжьей ещэныр, нэгъуэщІхэри.

ЗИ ГУГЪУ тщІынур абыхэм ящыщ щэкІуэныморэ абы епха бзэмрэщ.

Зэрыхабзэу, щакІуэ зэманым щІидзэрт жэпуэгъуэ мазэм, ар мазаер къихьэху екІуэкІырт. Адрей мазэхэм, дыгъужьым фІэкІа, нэгъуэщІ псэущхьэ уещэкІуэну уху иттэкъым. Абы и щхьэусыгъуэр мырат: дыгъужьхэр мэл пщыІэхэм къатеуэрейт, мэлыхъуэхэм куэдкІэ ар зэран къахуэхъурт.

Ди деж щэкІуэныр тІуэу щызэщхьэщыкІырт: хьэжэбажащэ, къызэрыгуэкІ щэкІуэкІэ.

Ябэр нэхъыбэрэ къэзыгъэсэбэпыр зыхуэфІэкІ цІыхуэхэрт: пщы, уэркъ сыт хуэдэхэрт, абыхэм хьэщІэ къахуэкІуамэ, зэрыгтрагъэу нэгузыужыкІэт.

Апхуэдэхэм деж уэркъхэм е пщыхэм гъусэ ящІырт къадзІэпыкъун щІыхухэр, ахэр нэхъыбзуи мэкъумэщышщІэхэрт. Абыхэм я къалэнт хьэкІэжхъуэкІэр мэзым къышІахуну, щакІуэхэр тыншу еуэфын хуэдэу. ЗэрыжьтІащи, мыпхуэдэ щэкІуэкІэр зэштегъэу къудейуэт нэхъыбэм къызэрагъэсэбэпыр.

ЕтІуанэ лІэужьыгъуэм нэхъ хуэІэзэр мэкъумэщышщІэхэрт. Мэзым кІуэн ипкІэ ахэр зэхуэсырти зэчэнджэщырт, хэт гъэщтакІуэу, хэт уакІуэу щытыпуми яубзыхуэрт. ЩакІуэхэр пщэдджыжьым жьауэ дзкІырт, щІыху куэдым яхуэмызэныр нэхъ къащтэрти. Псом хуэмыдэу нэ бзаджэ зиІэу, угъурсызу ябж Іущ1эну яфІэфІтэкъым. ЩІежьар абыхэм кърамигъэхъулІэну къафІэщІырт.

Мыбдеж жьІапхъэщ езы щакІуэхэм сэлам екьикІэ щхьэхуэ зэраІэжыр: я щакІуэгъу хъуэзамэ, «щакІуэжь апщий!» - жаІэрти, жэуапу къратьжырт: «Си хьэм къуэжар Тхьэм къуит апщий!». ЩакІуэм зыгуэр зыкуІауэ къихьу Іущ1амэ: «Миным и лъабжьэ ухъу», - жраІэрт, абы и жэуапт: «Хъун куэдым Тхьэм ди насып хилъхьэ». ЩакІуэм хуэзар и щакІуэгъуэмэ е щакІуэ кІуэфыну щытмэ, зыри иритырт къкым, ауэ къыхуэзар зи узынщагъэкІэ мыщэкІуэжьыф гуэрмэ, иІыгъым щыщкІэ дэгуащэрт.

ЩэкІуэным щІидза нэужь, гъащтэм псэущхьэр къыхихурт, ауэ езыр еуэртэкъым, ар зи къалэнр уакІуэрт. Хабзэм ипкъ итклэ, япэу псэущхьэм еуэр гупым я нэхъыжьырт. ЩэкІуэн яуха нэужь, къаукІар ягуэшыжын щІадзэрт.

Мыбдежми хабзэ щхьэхуэ щыІэт. Іэмал имыІэу, пщыгъуэхэр зэхуэдэу зэрыщІэщІ, зэт дапщэ кІыукІами емылъытауэ. Ауэ щхьэр, лъакъуэр, фэр хьэкІэжхъуэкІэр къэзыуакІэм ейт. Язынкъуэхэм деж псэущхьэ къаукІам и щхьэр жылэм нэхъ цІэрыІуэ дыдэу щытауэ дэс щакІуэм хуахьырт, ар хэт къиукІауэ щытми.

Зэрыхабзэу, къащэкІуар зэпкърыхьыхэр нэхъыщІэхэрт, нэхъыжьхэр зэззмызэт абы щыхьхьэр. Псэущхьэм и кІуэцІфэцІыр ягуэшырт,ар дапщэ кІыукІам и щхьэр жылэм нэхъ цІэрыІуэ дыдэу щытауэ дэс щакІуэм хуахьырт, ар хэт къиукІауэ щытми.

Зэрыхабзэу, къащэкІуар зэпкърыхьыхэр нэхъыщІэхэрт, нэхъыжьхэр зэззмызэт абы щыхьхьэр. Псэущхьэм и кІуэцІфэцІыр ягуэшырт,ар дапщэ щагъажьэрти, ар абдеж щагъажьэрти, зэдашхырт. Шхыным япэу хэІэбэр нэхъыжьырт, иужькІэт нэхъыщІэхэм шхэн щыщІадзэр. Ижь зэманхэм щакІуэхэм Іэмал имыІэу мэзытхъэм Іыхьэ къыхуагъанэрт. Апхуэдэу ямыщІмэ, мэзытхъэр къэгубжьу къадэмыІэпыкъужьыну къащцыхъурт.

● Юань Мэй, китай тхакІуэ

Уэщыщхьэм уэщыкІри зэрыкІэлъидзар

Хъыбар

Бззэрым зылІ тетт туфлъэ щІэрпситІ лъыгъыу. Абы къыбгъэдыхьащ имыцІыху лІы гуэр икІи, и ныбжьэгъужь хуэдэ, къыдэуэршэру хуежьащ.

- Кьысхуэгъэгъу, ауэ сэ уэ усцІыхуркъым, - жиІащ туфлъэщІэхэр зылъыгъ лІым.

- ЛІо, туфлъэщІэ къызэрыпщэхуу уи ныбжьэгъуэхр умыцІыхуж хъуауэ ара? - и жагъуэ ищІ хуэдэу зищІащ модрейм, къапхъуэщ, лІым и шлянэр къышцхэриущ, унащхьэм дридзейри, зигъэбзэхьжащ.

Мыдрейм къышцхъуащ ар чэф гуэру. ИщІэнур имыцІэу зДэщцытым, абы къыбгъэдыхьащ имыцІыху нэгъуэщІ зылІ икІи дыхьэшхыурэ жиІащ:

- Напэншагъэ хэлъу ауан щІащІ абы, пэжкъэ? ЩхьэмцІэу уэхмыт мы дыгъэ гуащІэм. Уи пылэр щхьэ къыуымыхьэхыкрэ?

- Унащхьэ лъагэм дауэ сыдэпщеин? ПкІэлъей зэрызымыІэр плъагъуркъэ?

- Сэ сыбдэІэпыкъунщ, - жиІащ лІы мыцІыхум. - Кьытеувэ мыдэ си дамащхьэм, сэ ущІэсІэтэнщи, адэкІэ тышну удэкІуеинщ. Хъункъэ?

Туфлъэхэр зейм лІы имыцІыхум фІыщІэ хуищІащ. Модрейм зригъэзыхри, лІыр и дамащхьэм тригъэувэри, зыкъыІэтыжащ. ЛІыр адэкІэ дэбэкъуеину щыхуежьэм, мыдрейр къэгубжьащ:

- УгъэщІэгъэщ уэ! Уи пылэр къепхьахьыжну уопІащІэ, аущ щыхъуКи си джанэр зэрыбутэр къыпфІэІуэхуркъым. Уи туфлъэхэр, зэрыщІэм щхьэкІэ, я лъэгур мыфІей уи гугъэрэ? Си джанэр сфІэбуцІэпІащ.

ТуфлъэщІэхэр зейм ахэр псынщІэу къызылъитэпкІри, лІы мыцІыхум кьритащ, еэыр лъпэд лъапцІэу унащхьэм дэкІуеящ. И пылэр кьищтэжыну щылІэбэм, жьы къыкІыуэри ирихьэжащ. Кьехыжыну къызэплъэкІмэ... лІы мыцІыхур щІэпхъуэжауэ, туфлъэщІэхэр кьыхуигъэджэгуу цІыху Іуэвым хэлъдэжырт.

Арати, зэрыжаІэу, уэщыщхьэм уэщыкІри кІэлъидзащ.

Зззыдзэкіар
КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: 5. ФэфІ зытет, зи Іэпкълъэпкъыр зэкІуэ цІыхубз. **7**. Лъагъуэ зыхамыша уэсыжь тІыса. **9**. Хадэхэкі. **12**. Ипэ дунейпсо зауэм лІыгъэшхуэ щызезыхьа адыгэлі, щихъ Гёоргий и жор медалиплІрэ орденищ1э зрата ... Алий. Абы и унэцІэм къытехъуэкІа кІуажэ республикэм итщ. **15**. ...-махуэми, си унэ ныкъуэщІыр икІэм нэзгъэсыжащ. **16**. Нэпсей, зи мылъкур зыкъуз. **18**. Бынэм я нэхъыжь. **20**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ художник. **23**. Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **24**. Совет зэманым щыІа ахъшэ жьгъей. **25**. ... тесу псым иопыдж. **26**. Унагъуэ дждкъаз зыгъэхъуэм Іэщ1ольэ хабзэ пхъэ кІапэ. **27**. ... хьэсэгъу умышІ. **28**. ШыщІэхъу мыгъасэ. **33**. Ди къэралым и псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящыщ. **35**. ... и хъужыркъым. **37**. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къэрал министру щытащ, Брежневым и зэманми министру, маршалу, Іэщ1экІэ зэщІэуэзэда Совет Армэм и Іэтащхьэу лэжьащ. Ленин ордену 11 хуагъэфэщащ. **40**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы абрагъуэхэр. **41**. Дыгъэм идз нэху пакІэ кІыхь. **42**. Хьэщэпэщэ.

Кьехыу: 1. ГъэшхэкІ. **2**. Ди гъунэгъу лІы щхьэхуещэр ... къэсыжауэ нэпэншэщ. **3**. Си лэжьэгъу щІалэр ... - Іэщ1ыбщ, жиІам тебгъуэтэжьыркъым. **4**. ПшахъуэщІ. **5**. Удз гъэгъа ... пщащэм иратащ. **6**. Дыгъуэхэм ирахужьа шы гуартэм кІэлъыщІэпхъуа гуп. **8**. Лъагэу дэщІея пасэрей быдапІэ. **10**. Шхынхэдзэ. **11**. Жыг закъуэ ... къуркъым. **13**. ХьэщІэ лъапІэм хуаукІ Іэщым апхуэдэу йоджэ. **14**. Анэкъилъху. **17**. Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **18**. ЩыдзапІэ иІэу кІапсэ кІапэм фІэщІа пхъэ тхьэгъу. **19**. ЕпщІыжакІуэм, тІасхъэщІхым адыгэр зэреджэу щыта. **21**. Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэм щыгъуэу ди республикэм къихьа лъэпкъ. **22**. НапІэзэпІэ. **29**. ЩІыІэтыІэ, жьы къабзэ. **30**. ЗекІуэлІым и бийр ... кьищІри гъэру къыздишащ. **31**. ЩІэгъэкъуэн, сэх. **32**. Джэдкъаэхэм, къуалэбзухэм ятет цы пхъашэ. **34**. ЩІыпІэ лъахъшапІэ. **36**. Джэдум зэреджэ гъэфІагъыцІэ. **37**. Къэбэрдейм и иужьрей пщы ... Жанхъуэт Кушыкуу. **38**. ... ныкъуэрэ зэрыщІэркъым. **39**. Быгур зезыгъакІуэм Іэщ1элъ къурагъ кІыхь. **42**. ХакІуитІ зы ... щІэзаг1эркъым. **44**. КІэпІейкІэм ... трепІытІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Шыщхьэуіум и 8-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: 1. ЦІынэ. **6**. Мест. **9**. Лъэпэд. **12**. Дыщ. **13**. Адэжьнэ. **14**. Щам. **15**. Дамыгъэ.**16**. Цыфэнд. **17**. Гъуджэ. **19**. КъуапцІэ. **21**. Щащыху. **24**. Хьушэ. **25**. «Назирэт». **26**. Кьаз. **27**. Кьурмэн. **28**. Псысэ. **30**. Усэ. **32**. Лэрыпс. **34**. Къазынэ. **37**. Уэд. **39**. Тхъурымбэ. **40**. Нэд. **41**. Дэлэл. **43**. НАТО. **44**. Іулъхьэ.

Кьехыу: 1. ЦІыжьдадэ. **2**. Нэхущ. **3**. Гулъ. **4**. Апажэ. **5**. Уд. **7**. Ерыщ. **8**. Тхъамадэ. **10**. Кьуаргъ. **11**. Уэзы. **18**. Джэримэс. **19**. Кьулъшыкъу. **20**. ЩІанлъэ. **22**. Алытес. **23**. Хущанэ. **29**. Алаушын. **31**. Лъэгудыгъуэ. **33**. Пётр. **35**. Арэф. **36**. Щыблэ. **38**. Дерт. **40**. Нэкулъ. **41**. Ду. **42**. Лы.

Редактор нэхъыщхьэм и япэ хуэдэу ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэз), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудэз), Кьаншокьуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, НэщІэпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГлыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтіэту къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Тиражыр: 1000 щІалэ. КъыдэкІыгъуэм елъытауэ щыІэ цІыфыбзэхэр: адыгэбзэ, урыс бзэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхъэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.973 ● Заказ №1650

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Кьаншокьуэ Эллэ**, *редакторыу* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ**, *корректорхэу* **Щхьэщэмыщ1 Иэз** (4, 5, 6-нэ нап.), **Нэуэьокъуэ Заирэ** (1, 2, 3-нэ нап.). *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**